
15. Lah mara sira Kistaham
supataa sira mangan tai
den kongsi kebek cangkemmu
mangsa ko marenana
angandika maring ngendi palayumu
yen nora pinatenan
mangsa luputa si anjing.
16. Mundur Raden Jayenglaga
sang Kistaham neng wuri muring-muring
prapta ngarsane Sang Prabu
Nusirwan sigra nyandhak
astanira ingaras lungayanipun
sangsaya geng sih narendra
dening ta sampun kaeksi.
17. Kadigdayaning ngayuda
nulya salin busana sri bupati
sapangadegira sampun
sinungaken wong Menak
saha nambah nampeni pangangge sampun
samy mundur masanggrahan
duk prapta lajeng tinangkil.
18. Pra samya lajeng kasukan
Patih Bestak matur lan Jayengmurti
kitha ing Kebar puniku
pan inggih maksih wetah
prayogine lajenga ing kithanipun
jajarah kang rajabrana
amboyongi ing pawestri.
19. Jayengrana emut ing tyas
lamun ika Rahaden Yusupadi

putra pupulunanipun
Maharaja Alkamah
kang kajarah milya Uksam duk karuhun
wong Menak alon ngandika
marang raja ing Kohkarib.

20. Heh Umarmadi saosa
sakadangta kembar kang patang rakit
sarta sagegamanipun
Marmadi tur sandika
mengo ngiwa Kalana Anjayengsatru
heh ta Yayi Parangteja
sira lumakuwa yayi.
21. Maranga nagareng Kebar
adegen a iku si yusupadi
neng kebar madega ratu
Raden Maktal tur sembah
wus sanega samekta kang wadya agung
budhal saking ing ngayunan
sawadya bala angiring.
22. Lawan narendra sadaya
kang kumanthi ing putra Ngalabani
ing marga datan winuwus
wong agung Parangteja
Sri Nusirwan sawadya budhal gumuruh
ing kang datan kena pisah
Wong Agung Surayengbumi.
23. Miwah satriya punggawa
lampahira prapta ing jro nagari
sang nata lajeng ngadhatun
wau sang Kakungingrat
masanggrahan ing sawadya para ratu
kuneng ing kang winursita
wau kusumaning puri.
24. Miarsa kang rama prapta

lan wus unggul yudane Jayengmurti
gedhong kinen mbuka sampun
emas arta busana
ingusungan metu saking jro kadhatun
warata kang piningan
sakathahe pekir miskin.

25. Suka manahe kawula
wong jro kutha kabeh tanana miskin
nulya malih kang winuwus
wong agung Parangteja
lampahira negareng Kebar wus rawuh
angancik pinggire desa
wong Kebar geger angili.
26. Miarsa ratune pejah
lawan wonten gagaman ageng prapti
lawange kutha tinutup
tangis Wurahan umyung
jro kedhaton prameswarine sang prabu
myang sagung para dipatya
atugur lawang sademi.
27. Satriya ing Tambakretna
saha bala lan Raden Yusupadi
kinon manjinga karuhun
wong Kebar samya wikan
lamun Yusupadi manjing jro kadhatun
kang para ratu sadaya
munggeng jawi kitha nganti.
28. Pra samya njenger kewala
pra dipati satriya para aji
sadaya wus samya nungkul
mring Yusupaditara
datan samar yen punika gustinipun
Raden Maktal ingutusan
lajeng dhateng pancaniti.

29. Wus munggend ngamparan retina
prapta ratu kembar pan kawan rakit
sakadange samya lungguh
pra dipati ing Kebar
para mantri satriya punggawanipun
wus samya salin agama
sarengat Nabi Ibrahim.
30. Wus jinenengaken nata
sira wau Rahaden Yusupadi
punggawa Kebar asuyud
mring Yusupadiraja
tuhu lamun nagari ing Kebar agung
nyakrawati baudhendha
binathara Yusupadi.
31. Sampun parentah jajahan
wau sira sang Prabu Yusupadi
kabeh gedhong jro kadhatun
kinen bedhah sadaya
lawan tawan parekan kang ayu-ayu
apan samya pinilihan
kang rusak keh tanpa wilis.
32. Kang brana wus dinandakan
miwah guru bakalan guru dadi
retna kancanadi luhung
sampun munggend rembatan
peni-peni raja peni busanagung
ingkang kocap ing carita
rembatanipun sakethi.
33. Cinarita Raden Maktal
aneng Kebar sampun samdya sasi
sinuba-suba kalangkung
saben ari kasukan
duk samana arsa kondur mring Medayun
wong Kebar wus ingundhangan
marang Prabu Yusupadi.

34. Punggawa dthomas pinindhah
kang sapalih kinen tengga nagari
para ratu kalih atus
amung ingkang binekta
kang sapalih atengga nagaranipun
sigra anembang tengara
sanga Prabu Yusupadi.
- 35 Tuwin putra Tambakretna
sri gumuruh gagaman tanpa wilis
budhal sing kithah Kebar wus
sagunge bala kuswa
bala Kebar pitung kethi malah langkung
ingkang lumampah ing ngarsa
kang ngiringaken pramanis.

**XLIII. SANG AMIR MRIKSANI PATAMANAN ING KADHATON
MEDAYIN.**

DHANDHANGGULA.

1. Dyan kawarna lampahireng margi
siyang dalu lampahnya ginelak
tan cinatur ing lamine
prapta nagri Medayun
sri bathara nuju tinangkil
andher para narendra
neng ngarsa supenuh
miwah risang Kakungingrat
sampun munggend ing wijoan palowani
lan wadya para nata.
2. Kapiarsa wau ingkang prapti
denira rahaden prawireng rat
Marmaya tinuduh gawe
amethuk praptanipun
ingkang saking Kebar nagari
wong agung parangteja
pan kaselak rawuh
sagung kang punang rembatan
sampun munggend ing ngalun-alun menuhi
myang estri tigang nambang.
3. Raden Maktal prapteng pancaniti
lawan Yusupadi aneng Kebar
myang ratu limang rakite
sareng denya wot santun
ingkang nama Jayadimurti
lajeng denyatur sembah

marang sanga prabu
satriya ing Tambakretna
ngaturaken jarahan lawan pawestri
marang sang Kakungingrat.

4. Dyan wong Menak matur ring narpati
ngaturaken sagunging jarahan
miwah kang pawestri kabeh
sukeng tyas sanga prabu
maharaja ngandika aris
saparo kang barana
manjinga kadhatun
prenahna gedhong pungkuran
kang saparo sun paringken sira malih
dumen sawadyanira.
5. Tawan estri tan arsa satunggil
Jayenglaga ngaturken sadaya
kabeh manjing dalem gedhe
barana ingkang kantung
limang leksa pikul binagi
rembatan kalih leksa
pinaringken sampun
marang Kiyai Patih Bestak
kinen bagi lawan punggawa Medayin
pra ratu myang satriya.
6. Mikul rembatan kang brana adi
kalih leksa binagi wong Ngarab
para ratu sabalane
warata kang pipikul
wong pakathik lawan serati
suka manahe wadya
tanana kang rengu
kang kari saleksa rembat
kang sapalih kinintunaken tumuli
marang nagari Mekah.
7. Kinen andum kang wong pekir miskin

ing kang wonten jro nagari Mekah
sampun lumampah dutane
ing marga tan winuwus
sampun prapta Mekah nagari
katur mring sang dipatya
caraka wus matur
weling saking ing kang putra
linastarekaken dhateng pekir miskin
saguning kang barana.

8. Ki Dipati Mekah lan kang rayi
trustheng driya wau amiarsa
kawarta lamun putrane
kinasihane sang prabu
asring unggul ingaben jurit
kinarya isinira
wijoan masluru
mangkana bala ing Ngarab
wira-wiri marang nagara Medayin
tanana sinantaha.
9. Wuwuh arja nagari Medayin
kalanira risang Kakuningrat
aneng Medayin lamine
kinanthi siyang dalu
ing Bathara Anyakrawati
nanging sagung punggawa
santaneng Medayun
pra samya panas kang driya
marang sira Kalana Jayadimurti
denyageng sih narendra.
10. Yata wau kangjeng sri bupati
miyos munggeng kebon kalangenan
ing kang tinimbalan age
Ki Arya Betaljemur
prapteng pura ngabyantara ji
Sri Nusirwan ngandika
Bapa Betaljemur

ngong bosen kasukan jaba
mengko arsa kasukan sajroning puri
tan anganggo wong kabeh.

11. Iya amung sang Jayadimurti
Umarmaya Bestak lan si Maktal
iya Baba iku bae
si Irman lan si Urmus
si Semakun si bapa uwis
anulya tinimbalan
Menak Jayengpupuh
miwah kang putra titiga
kapat Bestak kalima Umarmayeki
kanem Rahaden Maktal.
12. Sampun prapta wau jroning puri
Dyan Kalana mangka pakuning rat
tuwin putra katigane
Bestak Umarmayeku
Maktal prapta ngarsa sang aji
sareng denya wot sekar
samyakin lungguh
lumintu lajeng bojana
kang gamelan tinembang munya ngrarangin
aglar ameng-amengan.
13. Umarmaya lelewa macicil
amacucu malembung kakayang
sang nata langkung sukane
miyat Umarmayeku
gujengira apetek ati
tan pegat sadangunya
denya asung guyu
sang nata langkung kacaryan
pirang-pirang jenewer sopi lan kenis
anggur wunggu lan adas.
14. Samya munggeng ing keler mas adi
patadhahan linuding sosoty

sang nata anglarih dhewe
ing Menak Jayengpupuh
miwah Raden Umarmayeki
langkung denya waspada
sihira sang prabu
sihira sang prabu
tekeng dalu tan luwaran
maksih eca andrawina sri bupati
andhatengaken suka.

15. Wiwit enjang kongsi tekeng wengi
pan sadalu tan mawi luwaran
samyang ngantuk ting galeyeh
aneng ing palowanu
miwah Prabu Anyakrawati
sare munggeng amparan
tuwin Betaljamur
samyang ngantuk neng wijoan
nanging maksih ajeg lenggah sri bupati
dereng nedya luwaran.
16. Dadya pendhak mijil sang Hyang Rawi
maksih ajeg denya andrawina
salin-salin dhaharane
yata jam pukul wolu
Ki Kalana Jayadimurti
duk arsa atotoya
angandika arum
heh Umarmaya kariya
lamun ingsun dinangu lawan sang aji
mring taman atotoya
17. Tamanira let banon sakelir
lawan bangsal ing kebon kusuman
lan satunggil gapurane
genya minum sang prabu
lan sakehe santana siwi
mangkana kesahira
Raden Jayengpupuh

prapta gapurane taman
maring beji asesene Jayengmurti
wusnya lajeng asiram.

18. Sawusira siram Jayengmurti
ameng-ameng kacaryan tumingal
ing taman langkung asrine
kadya kaswargan nurun
sawarnine emas kinardi
linuding nawa retina
eram Jayengpupuh
deneta sarwa kancana
kadya imbah panganggone wong Medayin
ngartikeng jro wardaya.
19. Baya nagara ing kene iki
tampa artane wong pirang praja
emas tan ana ajine
dening sugih kalangkung
myang sosotya retina di-adi
pangrasa tanpa karya
tur samya gung-agung
mangkana tamaning nata
lan kang putra mung elet banon sakelir
gapura kuthagara.
20. Naga geng mas anterane ngapit
buka sri mas linuding sosotya
bujangga mangka netrane
herbumi her laut
nawa retina myang kadya lengki
antera munggeng karna
tutuknya manguntur
tutup siji mangap sarpa
ngapit-apit wong Menak arsa udani
endhase naga praba.
21. Eram mulat srine taman sari
apepeken kabeh kang rare mas

sosoty mangka rukmine
datan kena cinatur
sugihira nateng Medayin
arang kang nimbangana
kabeh para ratu
marma rinenggeng kalintang
tamanipun kang putra raja putri
dadya pameng-amengan.

22. Yen dinulu sakalangkung asri
kembang-kembang tanapi pethetan
madya sasasi dununge
bot rawinya sumunu
cahyanira yayah ngimbuhi
sumyar ujwalaning mas
ambeknya manguwung
kadya mas uleng-ulengan
Bagendhambyah sakala eram ningali
tumameng madya yasa.
23. Meru padmasana mas rinukmi
pan rinenggeng sosoty kang abra
nawaretna salimpede
milane Jayengpupuh
tan riringa denya alinggih
angon angenti sekar
sang murtining ranu
badher bang samya angambang
uceng kuning asar-asar ting kulicir
sasarang mas ciri mas.
24. Uceng gengira sawentis-wentis
urang watang gengira sapukang
amengku saking eronge
urang kang aruruntung
supit samya mawi calumprit
sadaya susungut emas
kutuknya ngalumpuk
samya binasahan emas
ababadhong kutuk geng sabayi-bayi
bayak arak-arakan.

25. Cinarita mina kang rinukmi
 tur-ature ingkang pararaja
 kang samya bun-embun sore
 mring sutane sang ayu
 meh sahingga patiba sampir
 sang nata Maderana
 Raja Krasbinandur
 atur-atur cabang emas
 ingkang mina kang rineka kalawan rukmi
 uceng wader sanambang.
26. Inggih sang Raja Tamtamkuwari
 Nateng Dara atur-aturira
 wong-wongan mas lan jantrane
 kathahe wolung puluh
 panggilingan emas kinardi
 kalawan rare emas
 kehe wolung puluh
 pinarnah munggeng pethetan
 jantra siji wong-wongan mas samya ngantrih
 neng kerining gapura.
27. Kang rare mas samya anggilingi
 wijan-wijan saking panggilingan
 wonten malih tur-ature
 ing Basantri prabu
 ajujuluk sira Dribasit
 merak mas lan meri mas
 banyak mas rong atus
 pan sampun pacang-pinacang
 kaponakan Sri Bathara Nyakrawati
 Raja Olanmarjaban
28. Atur-ature nateng ing Bangit
 bujangga mas geng sabongkoting tal
 mirah kinarya netrane
 genge sajerk-jeruk
 karnatira asri mangapit
 kang naga sinisikan

kang kumala murub
sarwi tinetes mutyara
tur-ature Sri Naranata Sargaji
nenggih Raja Bubarman.

29. Rare cebol bungkuk bajang wujil
bucu dengkung kesodan walikat
salisir dhomas kathahe
nenggih tur-aturipun
sri narendra Wun-awun langit
sira Raja Rubinah
gajah mas pinitu
kathah lamun cinatura
tur-ature narpati kang ngebun enjing
tinampen mring sang retina.
30. Nanging kabeh tan kapadhan kapti
nenggih namung tinukuweng yuda
kang dadya samodra geteh
sarah murdaning ratu
marma kabeh patiba sampir
kinumpul aneng taman
dening ratunipun
samya lajeng sumawita
mila taman kadya kaswargan angalih
asri yen tingingalan.
31. Wau sira Raden Jayengmurti
mider-mider kathah tingingalan
kang sarwa mas sakathahe
ciri surat sadarum
saking ratu sawiji-wiji
wong Menak ngartikeng tyas
baya sanga prabu
duwe putri ayu endah
dene iki kabeh ciri tiba sampir
kang saking para raja.
32. Tan andimpe Menak Jayengmurti

lamun iki tamane kusuma
Retna Muninggar kang duwe
duk purwane pandulu
saking dene ayun udani
tandhes sinangga praba
kang tutuk manguntur
sedya miyat srine taman
remen mulat dadya rasa-rasa mijil
ngideri kembang-kembang.

33. Lajeng marang ing beji alinggih
gigilang mas acukul busana
nulya manjing beji age
denya siram anutug
ngambil toya kadas tumuli
wus mentas nuli salat
rong rekangat sampun
kalangenan ing gigilang
pan kacaryan mulat renggane botrawi
mina prasamya ngambang.
34. Kuneng genti kang winuwus malih
kusumeng dyah sang Retna Muninggar
kang tansah brangta wirage
semanging tyas mirangu
kaya age wruha kang warni
kang dadya ela-ela
kang kinarya kidung
dening wong sadalem pura
kakunging rat kang lalana Jayengmurti
Menak Sri Nataning Rat.

XLIV. SANG AMIR KEPANGGIH KALIYAN RETNA MUNINGGAR

SINOM.

1. Tuhu panguncanging sukma
wong agung surayeng bumi
solahira aneng taman
tamanira sri bupati
mangkana duk upeksi
naga mas tutuk manguntur
bukasri linantera
sisik kumala rinukmi
pan miarsa myating tutuk naga raja.
2. Tan andimpe yen kasar
ing tamanira sang putri
Wong Menak papakuning rat
remen umiyat ing beji
karsane Hyang kang luwih
asih mring kawulanipun
apan Retna Muninggar
lami tilar dhahar guling
panedyane kadya age uningaa.
3. Warnane sang kakunging rat
Kalana Jayadiluwih
dening wus lami miarsa
ing warta dereng udani
wus pitung wulan mangkin
Kalana Anjayengpupuh
suwita ingkang rama
wonten nagari Medayin
kadya Ibnu suraya ingaben yuda .

4. Mangkana niyakaning rat
Retna Muningar miarsi
yen ingkang rama sang nata
kasukan sajroning puri
ing kebon tamansari
lan satriya Jayengpupuh
cethi kalih dinuta
ing ngabyantara narpati
awasena ing tingkahing Jayenglaga.
5. Kang cethi kalih umiyat
mring Kalana Jayengmurti
tedhak saking ngarsanira
nenggih Prabu Nyakrawati
asene marang beji
parekan kalih tut pungkur
mayangi lampahira
Wong Agung Jayadimurti
cethi kalih agunem sarwi lumampah.
6. Angucap cethi Pradapa
Selaga karseng ngong iki
yen kapregok ywa katara
katona gawe pribadi
payo padha sengadi
wong roro padha ngindhit jun
pinuju Ni Selaga
saksana mbekta kalenthing
lampahira wus prapta munggeng ing taman.
7. Sapraptanira ing taman
kapanggih sang Jayengmurti
wonten beji patamanan
lenggah ing gigilang rukmi
mangkana cethi kalih
cangkelak anulya wangsul
lampah asigra-sigra
prapta ngarsane sang dewi
ting kalepruk ejune sareng binucal.

8. Duh Salaga gustinira
 upama masang gelathik
 galodhoge ngisor longan
 sapa nyana deningoni
 sahingga iwak kali
 wuwuh pinasang pupundhung
 iya sapa kang nyana
 badhere nungsung marani
 dhasar galak badhere wong jaman Ngarab.
9. Ngandika kusumaning dyah
 paran ta lakunireki
 dene padha gelacutan
 kadya kaburu ing jurit
 matur cethi kakalih
 gustiku adhuh gustiku
 baya supena apa
 sahingga kala peracik
 wis dilalah oleh manuk walangkadhak.
10. Duh gusti satriya Ngarab
 Kalana Jayadimurti
 wonten beji patamanan
 lenggah ing gigilang rukmi
 kumejot sang lir Ratih
 kagyat manahe kumepyur
 gumeter kesar-kesar
 kumepyur asenig-senig
 ciptaning tyas paran mangke uningaa.
11. Sang retna minggah saksana
 ing gedhong malige manik
 anjanggut salere toya
 angungkuli tamansari
 kang elor kang sinuji
 ngiras pager gedhong agung
 mung kulon kidul wetan
 kang sami ingancak suji
 mung rong asta katelu tengah tunjung mas.

12. Lawange gedhong majupat
saundhak sabilik-bilik
kang jinujuk kusumeng dyah
korine kang maring beji
nulya binuka ririh
sang dyah ayu mungup-mungup
katingal kang alenggah
kang munggendu gigang mas adi
cahyanira gumilap kadya sasongka.
13. Kang beji kadya rinengga
dening ujwala nelahi
prabane sang Kakuningrat
estu piturun Hyang Widi
sang retna aningali
atebah jaja angadhuh
dhuh lae nora dora
dadi ojat wong sabumi
nyata bagus cahyane amindha wulan.
14. Nanging cacade ki besan
piyangkuhe denkandhang
dene teka ngenak-enak
lungguh ing gigilang rukmi
wong iki semu edir
pantese rada kumlungkung
nora angangge taha
leledhang aneng jro puri
yen tegese pantes yen sinangga-sangga.
15. Marang kang duwe nagara
iya sapa ingkang wani
anyikokna solah ingwang
sanadyan sajroning puri
sapa waniya mami
sun pinutra-putra danu
nganggo suba kuwawa
tan anganggo walangati
sumangkeyan wong bagus dinamadama.

16. Wagugen semanging driya
murus ing tyas wadhag-widhig
anggung denya ngusap jaja
dhuh lae banjura mati
yen tan sida kapanggih
lan sidhengkah taman iku
ngunus sotya ludira
saking ing dariji manis
dyan binalang kang lungguh aneng gigilang.
17. Katuju ing pangkonira
Kalana Jayadimurti
kagyat sosotya cinandhak
tumenga ing gedhong nginggil
kapiteng tyas sang Amir
katingal kang mungup-mungup
cahya byar anglir wulan
ping patbelas andhadhari
wates jaja denya manglung ing jandhela.
18. Pambayun puyuh nyudenta
meh kengis denya kapidih
ing watone kang jandhela
dyan umadeg Jayengmurti
tatanya matur aris
sinten angger ta pukulun
angling Retna Muninggar
sarwi mesem anauri
esemira lir yayah tetese kilang.
19. Pan ingsun Retna Muninggar
iya Prabu Nyakrawati
ingsun putrane kang tuwa
baya sira Jayengmurti
kang prawira nom pekik
ingkang ngingu gelap sewu
matur sang Kakungingrat
inggihi kawula pun Amir
marmanipun angger nyarwe wong ngumbara.

20. Ngandika Retna Muninggar
sedheng silih kang ngarani
nista papa kang ngumbara
pan ingsun durung miarsi
salagi durung akil
widigdaya satru mungsuh
kasub kaonang-onang
ambanda para narpati
mendah baya ing benjing wusa diwasa.
21. Tan nana kang mangkonoa
jalma kang kungkulan langit
miwah ta ing kuna-kuna
pan ingsun durung miarsi
sangisore wiyati
jajahan nagara sewu
mangsa silih antuka
ingkang kasangga ing bumi
bagusira miwah kadigdayanira.
22. Wruhanira Jayenglaga
pan ingsun kandhuan kingkin
duk lagine sira prapta
anyar saking Puserbumi
nggeningsun mong wiyadi
kang kacipta mung sireku
lan nora dhaharendra
pan ingsun malah ing mangkin
Jayenglaga miarsa ngunngun ing driya.
23. Tumungkul ngungun ing nala
muga Hyang Kang Mahatinggi
kang amiseseng buwana
anulusna sihing gusti
mangkana sang lir Ratih
nangkeb jandhela tumurun
sumungkem pagulingan
tan kuwasa nandhang wingit
waspa adres anggandrung aneng jrotilam.

24. Wong Menak papakuning rat
tumenga ing gedhong nginggil
wus atangkeb ing jandhela
tánana sang raja putri
Kalana Jayengmurti
kadi pecat nyawanipun
larut bayuning angka
babalung lir denlolosi
getih ilang sungsume kadya kaplesat.
25. Kumepyr kokonangira
legeyeh teka aguling
aneng gigilang kancana
sumaput kadya ngemasi
merak munya ing beji
kaget kang asare wungu
pangrasanira sang dyah
anguwuh saking ing nginggil
jalalatan angungak-ungak jandhela.
26. Maksih mineb kang jandhela
tambah solahé sang Amir
matrenyuh westhining angka
tumendhak sang Jayengmurti
saking gigilang rukmi
karsanira anglilipur
mider amethik sekar
kang munggeng jembatan rukmi
mung satindak gandrung nolih ing jandhela.
27. Mider-mider cecengklingan
angidung gandrung sang Amir
kusuma sajroning pura
sikara angrujit ati
gempol linempit-lempit
sadlerengan ingsun dulu
satmata lan kusuma
mesjid ageng Puserbumi
sapa bisa katemu kukbah kewala.

28. Baya kemat wong jro pura
teka bisa aweh kingkin
supe kaprawiranira
anggandrung Jayadimurti
rengeng-rengeng kuliling
mider jroning tamasantun
gandrung ngungak jandhela
pangghena ingkang abdi
gandrung-gandrung mbok iya mungup sadhela.
29. Dadiya pamurung pejah
mung gusti kacipteng galih
tumempel padoning netra
pulo kang tampingan Mesir
yen sang dyah tan tulus sih
ingsun gandrung-gandrung wuyung
tanana kang kacipta
paring usada wiyadi
ingsun tedha kongsiya gandhengan asta.

XLV. SANG AMIR GANDRUNG

KINANTHI.

1. Saksana rahaden emut
yen angladosi sang aji
sigra miyos saking taman
prapta ngarsane narpati
Jayenglaga wus alenggah
ing wijoan palowani.
2. Ki Umarmaya andulu
ing citrane Jayengmurti
wenes ijo amardapa
kadya gerah wus alami
umatur mila pangeran
warni paduka asalin.
3. Ingsun kakang lagi murus
mulane suwe neng beji
sakathahe kang miarsa
tanana graiteng galih
anyana murus kewala
anglong jiwa angresahi.
4. Yata sang kusumaning rum
wungu denira aguling
kang kacipta ing tyasira
wong agung kang aneng beji
kadya ta malih ngungak
denya gandrung senag-senig.
5. Dadya gung among anggandrung

angandika marang cethi
mara biyang tilikana
wong agung kang ana beji
satriya papakuning rat
dipati Wiradimurti.

6. Cethi Pradapa wotsantun
sapraptanira ing beji
Jayenglaga tan katingal
wangsul umatur mring gusti
wangsul umatur mring gusti
inggih angger sampun kesah
prajurit ing Puserbumi.
7. Sang retna ing tyas angungun
ujaringsun nora sisip
wong agung ika kagungan
angkuhe ngebeki bumi
nora mambu wong ngumbara
piyangkuhe nenga langit.
8. Baya tan wruh ing wong gandrung
nora duwe cipteng mami
dening teka plas-eplasan
nora suwe aneng beji
wong agung ta sumangkeyan
prajurit lalanang bumi.
9. Sun kakembange wong agung
yen kembang Jayengwesthi
regulo kalak kenanga
cepaka gambir malathi
pantes putri kang nganggea
anrus gandaning prajurit.
10. Sun mamanuke wong agung
yen manuka wong asigit
merak lawan atat kembang
prakutut puter lan nori

pantes putri kang nginguwa
kinurungan jroning puri.

11. Sun kakayune kang gandrung
yèn kayuwa nagasari
pinethe aneng jro pura
pantes putri kang nyendheni
jer nora pantes sok wonga
wong ika ingkang nggadhuhi.
12. Sun sisinjange wong agung
yèn sinjanga wong jalandhir
sinjang smboja kuyemat
Madukara lan Caweni
celari karendhikasa
pantes anggen-anggen putri.
13. Yen wowoh ana wong agung
duryan kokosan lan manggis
rambutan pelem srikaya
dodol ingkang wangi-wangi
pantes putri kang dhahara
munggeng bokor kancana di.
14. Nahen gantya kang winuwus
Kalana Jayadimurti
aneng ngarsane narendra
Raden Semakun anglarih
gneti kang putra titiga
munggeng wijoan mas adi.
15. Denya nginum mangu-mangu
ingkang kacipta ing galih
kang mungup luhur jandela
sigra tedhak Jayengmurti
marang beji ngungak-ungak
nginggil gedhong tan kaeksi.
16. Gandrung gulu nginggil samun

ribeng tyas gandrung ngririntih
wangsul marang pasamoan
saenyek denira linggih
saenyek bali mring taman
gandrung-gandrung Raden Amir.

17. Kang dulu anyana murus
dening manggung wira-wiri
mung Betaljemur uninga
ing solahé Jayengmurti
nalika neng jroning taman
sapatemon lan sang putri.
18. Anggandrung saenggenipun
angidung wuwuse lathi
dangu-dangu nulya lenggah
sesendhen wit nagasari
anggandrung nglongok jandhela
kang den tenga den tingali.
19. Dhuh tingalana mas ratu
kang abdi kawelas asih
kusumeng dyah jroning pura
bisa akarya wiyadi
sapa ta kang mulyakena
dasihe kunjana kingkin.
20. Kang abdi atemah gandrung
yen angger tan ngusadani
peken alit pinggir marga
wurung jumeneng bupati
kang tasik saking ngawiyat
aweh edan aku liling.
21. Baya rena gustiningsun
her laut lawan her bumi
winor lawan kembang-kembang
mas jingga ingkang ingukir
dadya kusumeng jro pura
ratu-ratune mamanis.

22. Wulung wido mangsa batur
 mati kalap awak mami
 safriya kasoran yuda
 ingsun angger kontrang-kantring
 wong ayu angetingala
 sakedhap sun tuku pati.
23. Susupe saking anggandrung
 ingange munggend jejenthik
 kang aran sotya ludira
 tilase ganda mawangi
 kang tansah ingaras-aras
 sangsaya muwuhi brangti.
24. Rahaden Umarmayeku
 ngartikeng tyas aningali
 dening Raden Jayenglaga
 bola-bali marang beji
 apata dadine baya
 sadangunya wira-wiri.
25. Yen sayah nggenira minum
 wus tate ginembong awis
 pangeran pan dhingin mila
 anggur kenit lan brandhuwin
 duk timur wus tate uga
 mangke wus diwasa maning.
26. Ki Umarmaya anusul
 mring beji kang ngintip-intip
 kapanggih sang Jayenglaga
 sesendhen wit nagasari
 pan sarwi angungak-ungak
 jandhela gandrung rerepi.
27. Ki Umarmaya andulu
 sampun kaduga ing galih
 kalamun mendem wanodya
 winedalan saking wuri

lah dene boten bobotan
teka pijer ringak-ringik.

28. Wonten punapa puniku
kageṭ Raden Jayengmurti
ingsun kakang matek donga
Umarmaya matur malih
lah inggih donga punapa
nganggo kusuma Medayin.
29. Tembe kawula angrungu
donga mawi rajaputri
puniku kakang sisinggah
taman iki menek singit
matur Raden Umarmaya
sinten ingkang dados wingit.
30. Osiking tyas Jayengpupuh
edan si Umarmayeki
apa wruh ing laraningwang
ngandika sang Jayengmurti
lara embuh laraningwang
nanging kekembange pati.
31. Ki Umarmaya umatur
kawula tuwan jateni
sampun ta jalma manungsa
sanadyan ta ejin peri
kawula sagah ndhatengna
inggih ta sami samangkin.
32. Nanging ta paduka emut
sampun ta angatawisi
suwawi mring pamarekan
sampun dangu aneng beji
manawi rama paduka
andangu dhateng sang pekik.
33. Saksana kalih wus wangsul

saking gupit langensari
prapta ngarsane narendra
Kalana Jayadimurti
Betaljemur aris mojar
puluh tunggunen sawarsi.

34. Ing ngisore gedhong iku
mangsa ta muncula malih
angungun duk amiarsa
Kalana Jayadimurti
sariranira marlupa
supe tyas ngidung ngrerepi.
35. Aneng ngarsane sang prabu
riri Marmaya anjawil
punapa supe paduka
mbok dipun sabili galih
inggih menawa kapyarsa
ing rama sri narapati.
36. Dyan Kalana Jayengsatru
wangsul marang beji malih
Ki Umarmaya katingal
kalangkung wibuhing galih
sapraptanira ing taman
njujug sore nagasari.
- 37 Rengeng-rengeng sarwi gandrung
ingkang sinambat rerepi
arung nayakane pura
kang gumantung ing tyas wingit
tan kuwawa nahen brangta
waspa tansah adres mijil.

XLVI. LAJENGING GANDRUNGIPUN SANG AMIR

MIJIL.

1. Dhuh kusuma niyakaning manis
bisa aweh lamong
apa baya dadi usadane
raganingsun anandhang wiyadi
tan wande ngemasi
pijer lara gandrung.
2. Sang Dyah ayu ana wong alinggih
teka balang jethot
sosotya ludira kang denangge
ingsun sidhep tulusa angabdi
prapteng ngendon dening
pijer gandrung-gandrung.
3. Katingala sakedhap mas kwari
sun tebase layon
pancadan kang munggeng glugu angger
kawentara kawula tan ajrih
samodraning pati
nanggulang prang pupuh.
4. Peksi kinarya duta upami
gandrung mirah ingong
iya teka ambalang susupe
waru jene kang munggeng wanadri
den maha mas gusti
denya karya gandrung.
5. Nadyan angger sun suwuna benjing
ing rama sang katong

lamun gusti kantenan delinge
yen tan lilah kang abdi nglabuhi
amurwakeng jurit
pijer gandrung-gandrung.

6. Karubuten prang sayuta sisih
tan gumingsir tanggon
akadine rongatus samine
gandrung-gandrung awora lan siti
sumanggeng ing kapti
aja pijer gandrung.
7. Kayaparan marganingsun panggih
lawan sang lir sinom
dening kinempit mring ratu gedhe
kadya padha amengku sabumi
raganingsun iki
dika karya gandrung.
8. Buneking tyas ngadhuh sambat mati
kaya raganing ngong
sun panggih lan sang lir sinome
dening ewuh kalangkung enggening
wibawa mengkoni
pijer lara gandrung.
9. Dhuh kusuma tingalana gusti
dasihe anglamong
aparinga usada nah angger
amungupa jandhela sathithik
dimen wande mati
jampi lara gandrung.
10. Kenyaring surya lagi tumiling
wanci lingsir kulon
angenyari bot rawi sunare
anrawur gi ing gebyare warih
lagya remrem pitik
enget denya gandrung.

11. Dyan jenggelek cipanireng galih
kang mungup ing gedhong
kadandapan kari makuthane
reyab-reyab soring gedhong prapti
tumenga manginggil
kori taksih tutup.
12. Sarirangles tingal semu kuning
legeyeh tuturon
soring gedhong mangrangkul astane
makuthane wus datan katolih
samirana ngidid
mangu denya gandrung.
13. Langkung sekel rujit tyasiraMir
sumingeb kang panon
lereb tedhuh wiyati mendhunge
gara-gara tedhuh amenuhi
teja asisiring
reh wong agung gandrung.
14. Oreg jumegur kang punang wukir
kilat thathit awor
kang caleret wus samya angempreh
alimengan umyang jalanidhi
udan rimis-rimis
musus lara gandrung.
15. Rep rep sirep pratangga lumindhiih
sedhenge angayom
ngidit gumulung samiranane
samyang rontog ingkang sari-sari
gegana menuhi
ing tawang mrik arum.
16. Tuhu lamun winong ing sukma ning
kang nandhang wirangrong
samodradi ambelani kabeh
myang buntala ngakasa lumindhiih

estu kusuma di
lagya wimbuh gandrung.

17. Tuhu sarehira pan sayekti
trah Brahim kinaot
saking Nabi Ismangil bangsane
tinitahken kakunge sabumi
Prawiradimurti
dibyeng satru mungsuh.
18. Jayenglaga eca denya linggih
munggeng soring gedhong
apitekur angrangkul dhengkule
makuthasah saking mustakaning
Raden Guritwesi
marpeki umatur.
19. mBok denemut paduka puniki
sampun sanget nglamong
langkung nistha wong agung mengkene
kadya dene satriya prajurit
mbok sabil ing galih
manawa dinangu.
20. Dhateng rama paduka narpati
dangu boten katon
sampun jodher darbe tingkah angger
barang karsa tanduk den aririh
yen amawi kapti
ywa katareng semu.
21. Lir misaya mina ing botrawi
sampun kajuwaroh
lawan sampun abuthek toyane
maksih wening ulame denkeni
yen makaten ugi
satengah anjaruh.
22. Tuwas buthek toya bo

ulame mancolot
dadya nistha makaten nah angger
pan paduka kasub yen prajurit
lalananging bumi
teka tingkah rusuh.

23. Angandika Raden Jayengmurti
ingsun Tambakcangkol
mati sedhih aweta mangkene
Raden Umarmaya matur aris
dhuh tuwan suwawi
marek ing sang prabu.
24. mBok kacihna ing rama sang aji
temah angsal awon
sigra anut Marmaya ature
sareng medal saking tamansari
prapta wus alinggih
ing ngarsa sang prabu.
25. Dyan luwaran Prabu Nyakrawati
kondur angadhaton
sareng bubar kang kasukan kabeh
Betaljemur lan Jayadimurti
tuwin putra katri
Marmaya wus metu.
26. Jayenglaga tansah denjagani
ing marga meh ruboh
rasa-rasa tumindak lampahe
kang kacipteng kusumaning puri
manggung nolah-nolih
tansah kapingrangu.
27. Sapraprane panangkilan jawi
gumerah sagung wong
wadya Ngarah samya ngungun kabeh
dening gusti kadya grah sawarsi
ijo angalentrih
pasariran kuru.

28. Umarmaya asru denirangling
 patihnya kinongkon
 Tajiwalar lumayuwa age
 mring pakuwon warahen Marmadi
 konen mapæg aglis
 anggawaa tandhu.
29. Tajiwalar lampahira aglis
 wus prapteng pakuwon
 Umarmadi siniweng balane
 wus sinapa na karyamu aris
 inggih patik aji
 kawula ingutus.
30. De rakanta Raden Guritwesi
 jeng paduka kinon
 mbekta tandhu amethuka age
 Kangjeng Gusti Menak Jayengmurti
 saking jroning puri
 sanget gerahipun.
31. Kapiteng tyas sang Raja Kohkarib
 nimbali punang wong
 myang gumerah bodhol sabalane
 ratu kadang pitu kang menangi
 pan lajeng umiring
 ing pasowan rawuh.
32. Langkung ngungun aningali gusti
 dening sawang layon
 panyananane sanget panginume
 kasayahen kakathahen awis
 tan anyana kingkin
 kagembong gung wuyung.
33. Tinitihken ing tandhu tumuli
 sagung para katong
 anjagani ing kanan kerine
 kang amikul prasamya bupati

wusnya budhal saking
pasanggrahan umyung.

34. Ing wong Menak ing tyas datan lilih
denira wirangrong
munggeng tandhu manggung nolah-noleh
kaya pangling nging maksa kalindhah
Kalisahak muni
kinarung neng ngayun.
35. Kricike monce kadya nguwuhi
kang mungup ing gedhong
ulur-ulur katingal manceret
kagyat mulat sang Jayadimurti
ciptanireng kadi
ing kang mungup-mungup.
36. Prapteng pasanggrahan Jayengmurti
saya wuh wirangrong
para nata pareng mantuk kabeh
Umarmaya sareng Umarmadi
tatanya samargi
apa wadinipun.
37. Paran mila gerahe jeng gusti
saking jro kadhaton
Raden Umarmaya lon delinge
kena racun darubesi putri
angling Umarmadi
apa sanga Prabu.
38. Sri Nusirwan menggawe mrih pati
kakang yen mengkono
aywa pepeka angr becike
mangsa wurunga araup getih
payo andhingini
kadhaton ingamuk.
39. Sru gumujeng Raden Guritwesi

sira iku ta wong
ingsun warah wau sasuwene
ing jro pura ana racun mandi
gustinira keni
racun bisa nguyuh.

40. Prabu Marmadi maksa angukih
denira tatakon
yen wus takyin kakang ujar kiye
durung suda kakang ingsun iki
Umarmaya angling
wus menenga busuk.
41. Sasuwene mau sun tuturi
racun bisa nguyoh
aneng dhuwur gedhong panggonane
lah ta priye sira wusmangreti
Prabu ing Kohkarib
asuka gumuyu.
42. Sampun prapta ing pakuwon sami
kang surya wus ngayom
suruping ngarka genti padhange
para ratu ingkang caos kemit
ing gusti sang Amir
pan ing saben dalu.
43. Samya akasukan wadya sami
sakathahe katong
pra dipati miwah satriyane
samyak kendel ing pasowan jawi
kori wijil siji
ingkang maksih tutup.
44. Saben-saben Menak Jayengmurti
lawan para katong
adhadharan tanana pegate
mung punika tan kena siniwi
pan maksih wiyadi
sanget nandhang wuyung.

45. Dadya samya kendel aneng jawi
sagung para katong
de wong Menak asanget angringe
pukul sadasa medal ing jawi
kenyare kaeksi
ing kang maksih gandrung.
46. Kakeyanyaran kang cahya nelahi
Jayenglaga angot
umiyating songsong ing gebyare
ketang cahyane kusumeng puri
ngadhuh sambat mati
girise tyasipun.

XLVII. SANG AMIR MALEBET DHATENG KAPUTREN

GURISA.

1. Sagunge kang para raja
samy a kendel aneng jaba
tanana ngandikan samya
wong agung tansah sungkawa
saben yen mentas sewaka
pan lajeng asuka-suka
mangke ta sang Jayenglaga
datan kena pinareka.
2. Kori tinutup kewala
dadya sagung para nata
kalawan Ki Umarmaya
kendel aneng ing wiwara
mung kang tinimbangan sigra
wong agung ing Parangteja
pratapan sampun kapanggya
ngandika sang Jayengrana.
3. Payo yayi padha lunga
wong roro bae lan sira
Raden Maktal aturira
dhateng ing pundi paduka
daludalu yun punapa
wong agung aris ngandika
aja seru yayi sira
mung sira bae weruha.
4. Maring gaweningsun uga
sun arseng malebeng pura
sun silip metu ing kiwa

aywa wruh kang para nata
miwah kakang Umarmaya
Dyan Maktal matur sandika
wong agung kalih lumakya
bubutulan lebetira.

5. Lampahira anglir dhustha
satriya kalih wus prapta
kori pupungkuran samya
wong kemit sirep sadaya
siji tan ana uninga
kalih wus tekeng gapura
sedya mring kaputren ika
wus den kunci korinira.
6. Saksana sang Jayenglaga
nguncalken pendharat sigra
mring tepine kori ika
pendharat kacangkol bata
munggeng baune gapura
ngandika sang Jayengrana
lah yayi kene kariya
aja sira lunga-lunga.
7. Tatali sira tungguwa
sigra ingambat pusara
prapta nginggile gapura
pusareng ngurut udunnya
melorod tekeng bantala
lajeng wau lampahira
ing kaputren kang sinedya
nanging pipine gapura.
8. Rinambut regulo ika
ginayuh pan sampun kena
gapura parek kewala
kelire kaputren ika
wus minggah sang Jayengrana
rumambat regulo prapta

latar ing kaputren ika
ndhodhok sore nagapuspa.

9. Mila kendel lampahira
ana rubung-rubung ika
sang dyah lagya majang songka
pawongan aglar neng ngarsa
wus dalu tan arsa nendra
ingucap malih tan ana
mung satriya Jayengrana
kagyat sang retnaning pura.

10. Kumlebat sor nagapuspa
kumepyur kondur saksana
lah inya bae kariya
terataban tyas manira
wus prapta ing maderetna
ucapen emban Pradapa
maring ngisor nagapuspa
kaget duk mambeting ganda.

11. Narka yen wong agung liya
kekesodan sarwi mara
manembah lon aturira
lah inggih sinten paduka
punapa ngger rajaputra
Urmus Semakun manawa
tan sumaur Jayenglaga
duk nata ambekanira.

12. Ketere ing napasira
meh kaduwung solahira
nanging pinupusing driya
reweyan karingetira
wong Menak nulya ngandika
ingsun dudu rajaputra
yen sira tambah tetanya
wong pamondhokan manira.

13. Karyeng ngong atur palastra
mring gusti kusumeng rara
kaget Ni Cethi Pradapa
sarikutan sembahira
dhuh kalingane paduka
inggih sukur-sukur bagya
kamayangan temen uga
purun malehng jro pura.

14. Kagyat tyas marwatasuta
arinta kusumeng pura
denya anggung ngarsa-arsa
wau mentas angandika
kang ingucap mung paduka
sakedhap tuwan kantuna
kawula tur uninga
yen paduka duduk prapta.

XLVIII. SANG AMIR KAPANGGIH RETNA MUNINGGAR

DUDUKWULUH.

1. Ni Pradapa sigra-sigra lampahipun
prapta ngarsane sang putri
tur sembah alon umatur
dhuh gusti andaka prapti
tembirang teracak waos.
2. Kang anetra kumala sungu mas murub
kang arsa jadhang jajawi
mangke wonten ngandhap jambu
andaka ingkang winegig
julig sah sudireng kewoh.
3. Pan kawula emeh kasamaran wau
dening tan amawi kanthi
kawula narka yen pandung
dupi kawula prepeki
gandanya anrus kadhaton.
4. Duk miarsa kusuma langkung kumepyur
tyasira kadya rinujit
moring tyas sarira lesu
renggotanpan nora arip
akudon tan pinaido.
5. Lengleng bileng apuyeng nora angelu
apegel pan nora runtik
sang dyah angandika arum
sun pupujeng siyang latri
latawal uja kinaot.

6. Parangmuka aja angajak prang pupuh
ngong durung kelumpuk mimis
imbanga bae prangipun
biyang durung abibiting
durung gawe laren ingngong.
7. Wus kasub ing aprang prajurit kang rawuh
awedi mbok anemeni
Ni Inya nembah umatur
kang boten-boten ta gusti
ulapne mirsa wiraos.
8. Yen wanodya kuwawi angindhiti ejun
saged angiseni kendhi
ical sarap sawanipun
malah mindhak akemini
mindhak ageng mindhak longgor.
9. Yen mangkono paran ta karsanireku
apa ta sira aturi
iyeku pangeran pandung
kang lalana jroning puri
endir temen mring kadhaton.
10. Dumarojog tan anggo layang pupucuk
nabuh ing prang sidik lembing
dijujuwing putri sewu
edire kapati-pati
tegesipun sudibyeng don.
11. Inya matur inggih punapa tinundhung
punika pangeran maling
dangu wonten ngandhap jambu
yan angger datan prayogi
lebeta marang kedhaton.
12. Sang dyah angling alah aja-aja biyung
eman lakune ki maling
mara aturana gupuh

Pangeran Wiradimurti
kang lalana mring kadhaton.

13. Inya medal sigra prapta ngarsanipun
umatur suwawi gusti
angger ingaturan laju
mring ari kusumeng puri
sang lir retna sigra miyos.
14. Cundhuk wastra kuweling kukupu tarung
sang dyah duk arsa ngabekti
dyan cinandhak astanipun
aduh sampun-sampun gusti
sampun angger awot sinom.
15. Akakanthen asta mring padmasanarum
prapteng kamar pareng linggih
munggeng palangkan mas murub
pinalipit sosotya di
denya alenggah karongron.
16. Leganira ing tyas lir ageng sagunung
pra samya lega ing galih
tanana kang munggeng ngayun
pan namung cethi kakalih
kang jinaten asmareng mong.

**XLIX. PRASETYANIPUN RETNA MUNINGGAR
DHATENG SANG AMIR.**

ASMARADANA.

1. Wong Agung Surayengbumi
kalawan kusumaning dyah
kanginan pandam kenyare
duk sareng tempuhing tingal
upama panjang putra
tumibeng sela kumepyur
pyuh ing tyas rempu kalihnya.
2. Lir malam katrapan api
luluh jiwa kinembulan
kalihe larut bayune
tyas kalih agelondhangan
sasat wus amor asma
kusumeng dyah duk umatur
miyos ing pundi paduka.
3. Wau duk malebeng puri
ngandika sang kakuning rat
dhuh atmajiwengong angger
inten-intene pun kakang
sotya her laut mirah
jumerut ingkang linuhung
abdine miyos gapura.
4. Datan etang baya pati
langit rebah ingsun sangga
etang namung nah ing angger
tansah cumenthel ing netra
gumantung ing wardaya

amung ratune rum-arum
mirah adi sosotyeng rat.

5. Mesem ngandika sang dewi
biyang mundhuta kancana
iya teka telung pondhen
sinungna wong tunggu lawang
sigra Cethi Selaga
ngambil mas ginawa metu
dinumken wong tunggu lawang.
6. Warata wong tunggu kori
matang kati wong satunggal
pinrih ajana wong ngoceh
suka kang wong tunggu lawang
saweneh ana ngucap
nora kudu tutur-tutur
den kongsi bobota pisan.
7. Apa asile ngacuwis
prandene wus oleh emas
kalayan padha karsane
kang aneng ing maderetna
putri kalawan putra
ora kudu milu-milu
oleha putra nembelas.
8. Sukur gustiku sang putri
katularan ing pamacak
wong Ngarab becik gawene
yen aprang menangken rowang
mangkya sang lir kusuma
sinangga-sangga kalangkung
kang munggeng cendhani raras.
9. Ingaturan minum sopi
sagelas pan kinalihan
mangkana ta sadangune
sarwi pepegangan asta

umatur sang lir retina
sarwi mesem anglirmadu
kang ketes linuding kilang.

10. Dhuh kang emas adipati
paran ing karsa paduka
wong atung prapta kadhaton
ngandika sang kakunging rat
abdine atur pejah
anjalmaa kaping sewu
yen kenging andasihena.
11. Umatur sang rajaputri
pangeran kados punapa
apanta wonten saene
punapa kang pinitaa
kawula boten beda
ugi pangran dipun tulus
wonten panuwun kawula.
12. Dhuh kang emas adipati
yen asih den luwarana
kukudangan rama katong
besuk Maninggar akrama
lamun ing ngarahara
Bakdiyatur banjir marus
asarah murdaning nata.
13. Kawula tan nedya krami
pangeran liya paduka
yen cidra dadiya layon
darbeya liya panyipta
amung kang mas dipatya
sun tedha maksih awutuh
sampun amisik dyah liyan.
14. Benjing yen sampun pinanggih
inggih kalawan paduka
ngayunana dthomas kehe

anjamaha wong sanambang
kawula tan lenggana
nanging paduka pukulun
kapanggihha jaka lara.

15. Wong Agung Surayengbumi
trenyuh tyas mawa deksura
gusti den entheng parane
kang abdi datan suminggah
nadyan amumundhuta
kusuma rubuhe gunung
tandhesa samodra tawa.
16. Ngaturaken ali-ali
sotya her bumi ludira
sajro kadhaton ajine
niku minangka patandha
denira aprasetyan
ing pukul satengah satu
munggeng meru padmasana.
17. Kang geter pater ndhatengi
obah gunung jaban kitha
anggro jumegur swarane
kadya yayah neksenana
jangjine putra Ngarab
kalawan putri Medayun
kumrisik kang kencang-kencang.
18. Wus putus ingkang prajangji
sang putri lawan sang Ambyah
lagya aprasetyan bae
benjing tekaning kapanggya
yen jangkep tigang warsa
sasampune bedhah Ngerum
Serandil Mesir lan Yunan.
19. Andungkap perang Pajobin
kono nggenira kapanggya

wus babanten gunung wangke
miwah samodra ludira
Pulo Gajah turangga
lan sarah murdaning ratu
lulumut kumbala abra.

20. Atunggul daludag sami
lalayu miwah kakandha
ing samodra rah prang rame
endhek parise kang mina
mangambah samodra rah
aganggeng salimprit duduk
akarang salugu gada.
21. Ing kono besuk kapanggih
wauta sang kakunging rat
pamit marang sang lir sinom
gusti intene pun kakang
kantuna maderetna
kawulangger ayun metu
mantuk dhateng pamondhokan.
22. Sigra astane kinanthi
sang dyah angater ing latar
pyuh angka kasok karone
prapteng tutuk nagapraba
kinen wangsul sang retna
kuwel lir kukupu tarung
aras-ingaras kang asta.
23. Dyan unkur-ungkuran sami
Raden Jayenglaga tedhak
sang retna manjing kadhaton
ucapen ingkang anganglang
Raja Barun ing Joban
ana kumlebat kadulu
Karun dhemping pipi lawang.
24. Duk wedale Jayengmurti

sang Raja Karun uninga
yèn Raden Jayengpalugon
saking kaputren sangkannya
jejèp pipine lawang
Raden Jayengmurti weruh
yèn Raja Karun kang nganglang.

25. Nanging api tan ngawruhi
kalihe kendel kewala
Raden Jayenglaga miyos
Raja Karun atut wuntat
dupi tekeng gapura
ngrambati pendharatipun
tekeng nginggile gapura.
26. Melorod maring ing jawi
anguwuh mring Raden Maktal
heh yayi ngadega age
sang Raja Karun tengginas
tampar ing jro pinagas
Jayenglaga kajelungup
anibani Raden Maktal.
27. Dyab sang Karun alok maling
opyak ana duratmaka
gumerat wong kemit kabeh
kori ageng wus binuka
gumuruh samya medal
anututi karsanipun
mantri tuwin pra satriya.
28. Uninga yèn Jayengmurti
kalawan Rahaden Maktal
kang nututi bali kabeh
satriya kalih lumampah
eca sarwi amucang
wong kemit pating bilulung
samya takon-tinakonon.

29. Raja Karun abibisik
wus meneng aywa dinawa
yen sira bujunga kabeh
malinge roro wong apa
sewu mangsa kalaha
abon-abon sira gempur
ngur sira padha mundura.

L. SANG AMIR DIPUN LOKAKEN PANDUNG

DURMA.

1. Lampahira satriya kalih wus prapta
ing pakuwon ngundhang
sagung para nata
miwah para dipatya
usrek samya ting kalesik
sang Jayenglaga
arsa budhal ing wengi.
2. Pan gumerah pamondhokane wong Ngarab
Marmaya kontrang-kantring
sigra atatanya
mring Prabu Umarmadya
heh apa wadine iki
wadya busekan
Marmadi anauri.
3. Embuh kakang ingsun iki tan wruh warta
nanging ta den undhang
kinen asiyaga
samekta ing ngayuda
Raden Tasikwaja aglis
marang ngajengan
karsa taken ing warti.
4. Pan kajejel Marmaya tan antuk marga
wadya ing jro wus mijil
gumrah awurahan
wadya gung sampun budhal

ginelak lampahing baris
selak rahina
kebut sami sawengi.

5. Prapteng jawining kitha atata bala
gaman lumakya aris
kang munggeng ing ngarsa
nenggih bala ing Kebar
wau Prabu Yusupadi
dumulur lakya
Ki Umarmaya aglis.
6. Umarek ing ngayunan alon-alon turnya
kadipundi puniki
mila teka minggat
wonten sabab punapa
wong agung Menak martani
satingkahira
kala malebeng puri.
7. Umarmaya sumaur astagpirolah
amijet-mijet ati
dening uni kula
umatur kathah-kathah
sagah dhatengken sang putri
aywana wikan
praptane rajaputri.
8. Dipun kongsi tekan kasuripun pisan
ngandika Jayengmurti
apa winacara
ujar wus kalampahan
balik den angati-ati
iya manawa
wong ing jro anututi.
9. Kawuwusa Sri Narapati Nusirwan
enjing miyos tinangkil
andher para raja

dipati myang satriya
Raja Karun wus kinanthi
mring Patih Bestak
kang wruh lebuna maling.

10. Matur nembah kawula atur uninga
wong Menak sabeng puri
kawula tan samar
datan amawi rowang
amung kang kantun neng jawi
ing kang rumeksa
putra ing Ngalabani.
11. Pun Kalana Jayengmurti meh kacandhak
wonten pamengkang nuli
putra Tambakretna
lajeng menthang gandewa
mila kanca samya ajrih
sampun tetela
lebet wong kakalih.
12. Sri Nusirwan gereng-gereng duk miarsa
ngusap jaja semu andik
wijile kang sabda
dening nora kayaa
sihingsun kapati-pati
ngong putra-putra
kadya nggeningsun yogi.
13. Sun gungken sun karya Ibnu suraya
sarwi sun sungi linggih
palowanu retna
ngasorken para raja
teka bisa nyidrani
sakala ilang
tresnanya sri bupati.
14. Sigra matur anembah Raja Kistaham
punapa sri bupati

linyok tur kawula
dening rinengga-rengga
prandene mangke ngawoni
Ki Patih Bestak
umatur awotsari.

15. Yen suwawi pukulun ngantos punapa
mumpung dereng atebih
leheng tinututan
tinumpes sabalanya
ngandika sri narapati
ingsun tan arsa
nututi ing ngajurit.
16. Lamun sira Bestak arsa nututana
yen ingsun nora wani
bok tan bisa menang
pindho ping telu kaya
satemah kang kocap mami
yen wani sira
tututana pribadi.
17. Atur sembah wau Kyana Patih Bestak
sampun tuwan nindaki
pan inggih amunga
putra kalih kewala
Raden Semakun lan malih
putra paduka
Raden Urmus suwawi.
18. Kairinga dening wadya pitung yuta
lawan sagung narpati
sang Raja Kistaham
kalih Raja Bubarwan
tri Raja Tamtam Kuwari
myang Muruskaran
gangsal Raja Dribasit.
19. Raja Karun lan Raja Oalatmarjaban
ngandika sri bupati

iya anetega
tengara banjaling prang
gumerah kang nata baris
wong pitung yuta
budhal saking jro puri.

20. Sri Nusirwan angandika marang Bestak
lumakuwa pribadi
ngiringa nakingwang
tur sembah sigra budhal
kang wadya titindhih baris
minangka jimat
raja putra kakalih.
21. Raden Urmus Raden Asmakun arinya
gumerah kang wadyalit
prapteng jawi kitha
sumahab lir samodra
ginelak lampahing baris
sampun katingal
bala ing Puserbumi.
22. Yata wonten pakuwon mencil sajuga
kadange Umarmadi
narendra Sriwulan
rika sang Raja Jasma
lan Raja Karma kapencil
sanya narajang
wadya bala Medayin.
23. Bala Temas Sriwulan samya tatanya
iki wong teka ngendi
wong Medayin mojar
ingsun bala jro kitha
yun numpes wong Puserbumi
saha nyanjata
wong Temas anadhahi.
24. Rame aprang wong jro kutha saya kathah

ajejel saking wuri
kabujung wong Temas
miwah wadya Sriwulan
Raja Jasma aningali
yen saya kathah
sigra atur upeksi.

25. Mring nata Sri Naranata Jongsirah
Raja Durdanas aglis
lan Raja Durdanam
sareng kalih tur wikan
mring raka Raja Marmadi
yen bala kutha
prapta manglanggar jurit.
26. Wong Kohkarib sigra anembang tengara
sampun atata baris
kabeh bala Ngarab
miarsa dyan sanega
punggawa para narpati
sawadyanira
sampun arakit baris.
27. Wong Medayin wus samya medal sadaya
barise kang ngubengi
wadya Tambakretna
Ngabesah lan ing Kebar
samyang tulunging ajurit
mring balanira
sang Prabu Umarmadi.
28. Miyos saking pasanggrahan tekeng wana
Kalana Jayengmurti
angundhangi bala
aywana milu aprang
ingsun dhewe kang ngembari
sapa kang milya
sun tigas murdaneki.
29. Samya piyak sakehe nata punggawa

mire anganan ngeri
dyan nitih turangga
Raden Retnaning laga
ngagem sasikeping jurit
asumbar-sumbar
hehsapa kang nututi.

30. Wong Medayin payo kembulana ingwang
aywana nguciwani
mengko yen wus sempal
bau tengen lan kiwa
kabeh manawa sireki
kongsi jajahar
wongingsun Puserbumi.
31. Iya payo rebuten den kaya boja
kukudangen sun iki
den kadi wanodya
aywana ngadu bala
sakehe para narpati
barenga mara
ing kene rebut pati.
32. Patih Bestak miarsa asru angucap
Kistaham sira iki
kang amapagena
yudane nak Ambyah
Kistaham sugal nauri
edan ki patya
dening wus wruh pribadi.
33. Lamun ingsun iki kerep kapracondhang
mungsuhan lan Jayengmurti
adhi Karun sira
kang wadul ing sang nata
mapagena ing ngajurit
karun angucap
basakena sireki.

34. Awakingsun angur wehena uripan
marang si Jayengmurti
kang patut mung sira
lawan Ki Patih Bestak
jer karo kang dadi isi
kang palenggahan
wijoan palowani.
35. Yata wonten ratu ngucap apralemba
apa gawe nututi
pijer sasadonan
yen padha wedi aprang
kabeh kang para narpati
apa karyanya
lunga teka nagari.
36. Raja Prejon angling sarwi pandelikan
yen mengkono sun iki
kang angembarana
yudane Menak Ambyah
sigra anitih turanggi
mangsah ing rana
panggih lan Jayengmurti.
37. Anerajang Raja Prejon narik pedhang
sigra amedhang aglis
ngayati lumarap
binarengan cinandhak
gegelangane pinidih
pedhange tiba
cinandhak lambung neki.
38. Raja Prejon sinendhal saking turangga
sigra binanting siti
mledug polonira
wadruk pating samburat
remuk angga tana kari
babalungira
datan kalap samenir.

39. Giris mulat Raja Kistaham turira
mring rajaputra kalih
miwah Patih Bestak
yen, suwawi rahadyan
sampun linawan prang tandhing
boten kuwagang
sadaya kang para ji.
40. Leheng sami binarubuh ing ngayuda
kinembulan ing jurit
mumpung bala wetah
ngandika rajaputra
bener rembugira uni
lah tengaraa
barenga magut jurit.
41. Sareng keyyak bala mangsah ing ngayuda
lir ombak jalanidhi
yata bala Ngarab
arsa tulung ing yuda
Kalana Jayadimurgi
Nyapihi bala
pan dereng anglilani.
42. Narik pedhang pan sarwi nyamethi kuda
wong agung Menak Amir
narajang manengah
ngiwa nengen amedhang
wong rangkep pat tigas pacing
liman turangga
rantas lan kangnunggangi.
43. Kang prajurit Medayin kathah kang rusak
kiwul-kiwul tan olih
tan purun mareka
rantas kasabet pedhang
ngelut bala ing Medayin
sang Jayenglaga
angawe bala wuri.

**LI. SANG AMIR SAWADYABALA ONCAD DIPUN TUTUTI WADYA
MEDAYIN, DADOS PRANG**

PANGKUR.

1. Umangсах kang para nata
wadya Ngarab satriya lan bupati
rakit kanan kerinipun
pasang rakite gelar
nenggih wulan tumanggal kang munggend tutuk
wong agung ing Parangteja
Nateng Kebar anisihi.
2. Kang wadya metya ing yuda
Umarmaya lan Prabu Umarmadi
ambyak sakadang wadya gung
gumregut bala kuswa
Raden Maktal ngabani prajurit agung
mantri sewu totopong mas
sareng nyamethi turanggi.
3. Ngabani turangganira
Nateng Kebar Mahraja Yusupadi
pra dipati kalih ewu
sareng nyamethi kudha
tepung ngarep wong Kebar sadaya ngepung
satriya ing Parangteja
kang nutup bala Medayin.
4. Wadya Ngarab wus kanggenan
dening bala Kebar lan Ngalabani
mung turangga kawan ewu
jinajar-jajar wayang
wong Medayin aleksan kang wadya nempuh

nolih ing wuri kapelak
dening wadya ing Kohkarib.

5. Nengna barisera Maktal
nolih ngiwa barise Yusupadi
dadya wong Medayin bingung
samy a uleng-ulengan
klebu tengah Ki Umarmaya gumuyu
amasang sosorotira
inguncalaken tumuli.
6. Satengah wong bilulungan
kagum samya mlocot akeh mati
tambah solahipun
keh pejah samya rowang
anarajang ing ngarsa linabgang wau
mring baris turangga jajar
wong Kebar wong Ngalabani.
7. Kistaham lan Rumuskaran
Patih Bestak awor lawan pakathik
ambuwang busananipun
Urmus kari anglela
marang Prabu Kohkarib pan nora pandung
dipun esuk gurawalan
nyalimped manengah malih.
8. Nulya wau ingulatan
ing jijiret sang Prabu Umarmadi
kasrimpeding suku Rubu
raja putra kacandhak
marang nateng Kohkarib binekteng pungkur
wauta sang Kakungingrat
tan tegel denya ningali.
9. Dening wong Medayin rusak
amakuwon Klana Jayadimurti
para nata ingkang kantun
kang maksih bandayuda

Umarmaya anyekel Raden Semakun
kabekta mundur saksana
wong Medayin lali gusti.

10. Denira rebut koripan
raja putra kalih wus den taleni
Ki Umarmaya amuwus
heh Maktal wengakena
gelarira dimen wong Medayin metu
padha kawusna kewala
aywa kongsi keh ngemasi.

11. Parandene raja putra
titindhihe wus kacekel puniki
wadya ingutusan sampun
kang nukup kuda jajar
samyak piyak bala Medayin andulu
kabeh narajang lumaywa
tunjang tinunjang angungsi.

12. Tinon saking katebihan
marang sira sang Raja Yusupadi
Raden Maktal nut ing pungkur
lepas pambujungira
wong Medayin samya tata barisipun
kendel sawawining kitha
ajrih malebeng nagari.

13. Yen winantya de sang nata
dening ingkang putra cinekel kalih
yata wau barisipun
wong agung Parangteja
iya maksih ngambengi dinira tugur
angentosu lebetira
mring kitha bala Medayin.

14. Kuneng gantya kawuwusa
nagri Kangkan wau kang ngadeg baris
sayekti sareng ing laku
nanging genti kawarna

Raja Baren punika atilar sunu
kakalih kang samya priya
Raden Ukman kang satunggil.

15. Kang anom Raden Kapangan
mila madeg baris miarsa warti
patine wong tuwanipun
marga saking Kistaham
mula mangke putra Kangkan sedyanipun
malas pejah mring Kistaham
anglurug nagri Medayin.
16. Yen ingkang rama gesanga
putra kalih ngaturken bulubekti
marang nagri ing Medayun
dadya tebusing bapa
mila Raden Ukman arsa males ukum
lan rayi Raden Kapangan
arsa manglanggar Medayin.
17. Lan patih Balun tut wuntat
wus alami saking Kangkan nagari
kalih kethi balanipun
prapteng dhusun Ampiyen
ing Medayin putra Kangkan wus angrungu
yen wong Medayin lagya prang
lawan wadya Puserbumi.
18. Ginelak lampahing bala
arsa nrambul milya wong Puserbumi
lampahing bala wus rawuh
aneng jawine kitha
putra Kangkan nyekel wong desa Medayun
yata wau tinakonon
endi bala ing Medayin.
19. Lan endi bala ing Ngarab
tinuduhken sigra nguculkan aglis
ngandika mring Patih Balun
bapa sira sebaa

mring prajurit Ngarab ingkang baris tugur
sun milya anapung yuda
angamuk bala Medayin.

20. Amesat rejanya patya
putra Kangkan kang wadya denundhang
kang nitih unta lan senuk
prajurit seseliran
wong saleksa samekta tungganganipun
prajurit mawarna-warna
sareng nempuh ing ngajurit.
21. Geger wong Medayin mulat
baris ageng tumempuh aneng keru
bala Medayin maledug
kang kari keh kacandhak
putra Kangkan sudira pangamukipun
anguwuh asumbar-sumbar
Kistaham papagna mami.
22. Ingong putra Rajeng Kangkan
dene sira ngapusi bapa mami
payo kene aprang pupuh
aywa gung aprang cidra
payo rok bandawala iya lan ingsun
aja sok aprang culika
dudu kramaning prajurit.
23. Kistaham duk amiarsa
julalatan awor lawan pakathik
Patih Bestak sigra ndulu
yen dudu bala Ngarab
nguwuh bala kinen ngembulanapamuk
yeku dudu bala Ngarab
entheng lawanana jurit.
24. Raden Ukman majeng ngarsa
lan kadange tajem pangamukneki
satriya punggawanipun

rempu katiban gada
putra Kangkan prakosa sudireng kewuh
miwah pra dipatinira
pangamuke kadi belis.

25. Kang nitih kagendra liman
adal-adal sareng mangsah ing jurit
rempek lan punggawanipun
samyang angundha gada
lir danawa memangsa anguwuh-uwuh
sayogya prang tutunggulan
endi prajurit Medayin.
26. Para nata lan punggawa
papagena kene padha prajurit
bala Medayin maledug
samyang giris tumingal
kawarnaa Kyana Patih Kangkan Balun
wus panggih lan nateng Kebar
Maharaja Yusupadi.
27. Duk katur saaturira
wus binekta marek Dyan Selamiring
Patih Kebar awotsantun
punika Patih Kangkan
gustinipun putra kakalih kang ngamuk
ingkang atmaja pun Bahran
kalih prawireng ing jurit.
28. Wong agung ing Parangteja
bapa patih gustimu dipun aglis
susulen warahen gupuh
yen mungsuh manjing kutha
endhegena sabalane aja ngamuk
Kya Patih Balun tur sembah
lengser anitih turanggi.
29. Sumusul prapteng ngayunan
kyana patih wus panggih lawan gusti

dhawuhkan timbalanipun
wong agung Parangteja
putra Kangkan dadya kandhegennya mbujung
kendel sawawine kitha
wong Medayin tutup kori.

30. Geger wadya sanagara
abusekan dening kang mentas jurit
lulurung pating bilulung
kang prapta ana sempal
lawan raja pinutra kalih misuwur
kasambuting ngadilaga
pra dipati akeh kanin.
31. Ting galebrag pinggir marga
ing kang darbe laki milu ajurit
lulurung pating bilulung
kang prapta tana bengkah
wad hukira ana mondhong ususipun
saweneh kuthah ludira
wong Medayin tanpa kardi.
32. Katur marang sri narendra
pareng awor bala mungsuh nututi
putra kakalih kasambut
gumer tangis jro pura
prameswari tansah nggubel samya ngrubung
mring sang nata wimbuh ing tyas
denira kelangan kanthi.

**LII. RADEN SEMAKUN TUWIN RADEN URMUS, RAJAPUTRA
MEDAYIN, KABANDHANG ING SANG AMIR**

KINANTHI.

1. Gantya wau kang winuwus
Umarmaya Umarmadi
kang mundur saking payudan
ambekta putra kakalih
ucapen sang Kakungingrat
munggeng pakuwon alinggih.
2. Raja Marmadi malebu
Marmaya kantun neng jawi
Umarmadi prapteng ngarsa
sarwi nyekeli tatali
para putra kang binanda
kagyat Raden Jayengmurti.
3. Umarmadi sira iku
nora wikan ing ngajurit
pinisaling kuda wastra
makutha lawan kulambi
saben seba ingeduman
nora emut ing ngabecik.
4. Dening sawenang tingkahmu
kongsi wani analeni
tumulya sira Marmadya
wikan dukane sang Amir
angrasa kadudonira
Umarmaya amiarsi.

5. Ngintip saking jawi pintu
yèn Marmadi manggih runtik
saksana Ki Umarmaya
raja putra denuculi
asta kalih ingulapan
kang pingget labeting tali.
6. Binekta Raden Semakun
umarek sang Jayengmurti
langkung sukane tumingal
andulu Umarmayeki
raja putra tan binanda
wong Menak sigra ngudhuni.
7. Dening wau Raden Urmus
apan sampun denuculi
kakalih katuran lenggah
ing wijoan palowani
gumantya lenggah wijoan
Kalana Jayadimurti.
8. Kalangkung sinugun-sugun
rinaja ginusti-gusti
angung sinegah apuhan
kalih sampun pinisalin
Ki Umarmaya turira
wau pun Maktal kang maksih.
9. Bubujung bala Medayun
kalawan pun Yusupadi
ngandika sang Kakungingrat
nuli timbalana glis
yayi mas ing Parangteja
sabalane aywa kari.
10. Ki Umarmaya glis metu
papatihira tinuding
Tajiwalar lumaksana
angunduraken kang baris

kang tugur jawine kitha
Maktal tuwin Yusupadi.

11. Bagya lampahira rawuh
Tajiwalar wus apanggih
lawan putra Tambakretna
sawusira dendhawuhi
bedhol barise wong Kebar
miwah bala Ngalabani.
12. Bala ingkang samya kantung
umiring putra kakalih
mring wong agung Parangteja
lampahira sampun prapti
pakuwon lajeng umarak
ing Kalana Jayengmurti.
13. Raden Maktal nembah matur
punika satriya kalih
saking nagara ing Kangkan
Raja Bahran kang sisiwi
praptane ayun malesa
angrempak kitheng Medayin.
14. Nenggih males pejahipun
ing rama kang wus ngemasi
sumawita ing paduka
ngaturaken pati urip
lan ambekta wadyabala
gagamane kalih kethi.
15. Ngandika sang Jayengpupuh
gawanen ing ngarsa mami
Raden Ukman tinimbalan
lan Raden Kapangan Prapti
kalih sareng atur sembah
mangraup padane Amir.
16. Padha selama sireku

anuta agama mami
kalih umatur sandika
lan sawadyamu ywa kari
kabeh padha angidhepa
sarengat Nabi Ibrahim.

17. Kang tuwa madega ratu
Raja Ukman wus prayogi
ana dene arinira
konen atunggu nagari
sira nut saparaningwang
sandika satriya kalih.
18. Wus kinen makuwon wau
gantya winursita malih
kang agung wayang-wuyungan
sajroning nagri Medayin
ing jro ing jaba gumerah
wau Prabu Nyakrawati.
19. Sakelangkung dukanipun
kang marang Bestak apatih
miwah para para nata
kang samya kabujung jurit
dening kang putra kabanda
datan ana kang nglabuhi.
20. Matur Arya Betaljemur
sampun paduka prihatin
prakawis putra patikbra
boten amanggih bilahi
malah dipun sangga-sangga
sinegah tur pinisalin.
21. Sukeng tyas myarsa sang prabu
tuwin prameswari aji
Dewi Jurujinah mirsa
ing warta putra kakalih
malah dipun sangga-sangga
mring Kalana Jayengmurti.

22. Mangkana sang retnaning rum
kalane miarsa uni
lolose satriya Arab
Kalana Jayadiluwih
gepeng tyas kaya matiya
sang dyah malebeng jro pethi.
23. Dhuh wong agung pupujanku
satriya ing Puserbumi
kekonang gung angayangan
aywata mamang mring mami
minggate nora jak-ajak
teka angles bengi-bengi.
24. Katuwone awak ingsun
lagyana panuju ati
suket agung aneng wana
kang amindha roning pari
kelangan wong nging kakendhang
baya ajrih milang kanin.
25. Sanadyan milanga tatu
kena ukume ramaji
suket galeng rinumpaka
rontang-ranting sunlabuhi
wong agung tan anggupita
kang kari kawelas asih.
26. Kaniaya rama prabu
dene dosane tan prapti
bok iyaa denapura
wong agung kang lolos bengi
pan nora gepok larangan
lan nora ambuka sari.
27. Sekar adi maksih kincup
mung selagane pinethik
nanging wawangine kena
gandane tan ana kari

kudhup tuwuh nora rusak
dhuh kang emas adipati.

28. Kaget Mban Predapa matur
saking sajawine pethi
gusti kawula miarsa
wadya kang lumampah jurit
kaburu mungsuh kang ngepang
ing kitha tan denwedali.
29. Raden Urmus lan Semakun
ari paduka kakalih
kacandhak ing bala Ngarab
kakalih nandhang tatali
mila ibu jengandika
nggenipun muwun sawengi
30. Katuju kendel amuwun
Betaljemur abibisik
yen boten dhateng ing pejah
inggih dyan putra kakalih
anging kathah pra dipatya
ingkang kapupu ing jurit.
31. Wadyane pra nata gempur
tan wonten kang mangga pulih
amungsuh kawula Ngarab
sagendhingipun kadjodhi
sang retna suka duk myarsa
dyan miyos saking jro pethi.
32. Sang dyah mesem ngandika rum
mengko biyang aneng ngendi
barise wong agung Menak
Ni Pradapa awotsari
wonten sajawine kitha
barise majeng mariki.
- 33, Atakyin temen wong agung

sabalane wireng jurit
antuk boboyongan putra
aywa weh pinundhut malih
iya marang kangjeng rama
nuwuna liliron putri.

34. Yen nora mengkono biyung
wong agung Wiradimurti
aywa tanggung dadi ala
ngrabaseng kitya Medayin
mangsa ta wurunga bedhah
nuli amboyonga putri.
35. Kuneng ta sang retnaning rum
kang sampun lipuring galih
dening miarsa wong Ngarab
lolose pan nora tebih
kendel sajawining kitha
amrih siniweng mamanis.

**LIII. RAJAPUTRA MEDAYIN KALIH
PISAN DIPUN KONDURAKEN**

DHANDHANGGULA.

1. Kawuwusa kang anggung prihatin
kang abaris ampeyaning wana
lawan sawadya balane
Kalana Jayengsatru
anyunyugun putra Medayin
ing kang samya kabandhang
Urmus lan Semakun
sinungga dinamadama
raden kalih tan nyana manggih basuki
langkung noraken raga.
2. Cinarita sampun tigang ari
rajaputra neng pakuwon Ambyah
sinugata ing karesmen
gamelan siyang dalu
yata wau sang Jayengmurti
matur mring rajaputra
nunten dika mantuk
inggih rama padukendra
pan kuwatir ngajeng-ajeng walanggalih
angger dhateng paduka.
3. Mangke kula nuduh kang angiring
ngaturaken marang jroning kitha
sigra tinimbangan age
wau ing kang tinuduh
sakadange nateng Kohkarib
pra ratu kawan dasa

andher munggeng ngayun
ngandika sang Kakungingrat
siyagaa sira kang ngaterna aglis
lawan sakadangira.

4. Rajaputra aturna sang aji
yen wus prapta Medayin negara
nginepa sawengi bae
sandika aturipun
sigra lengser Raja Marmadi
lawan sakadangira
sanega wadya gung
tengara gentha angangkang
ambelabar kawula bala Kohkarib
lir wukir kembang-kembang.
5. Rajaputra kalih denaturi
sabusananing raja kaputran
nawaretna sakalire
miwah turangganipun
sabusananira sarya di
pamit raja pinutra
tinampanan sampun
marang Prabu Umarmadya
Jayenglaga ngateraken aneng kori
budhale rajaputra.
6. Munggeng kuda asongsong mas adi
kihebutan ing keru lan kanan
atabah-tabuhan rame
ing ngarsa lan ing pungkur
langkung denya ginusti-gusti
angayap keru kanan
ratu patang puluh
ing marga tan winursita
lampahira baris ageng sampun prapti
kendel jawining kitha.
7. Geger oreg nagara Medayin

panrekane kang gagaman prapta
bala ing Ngarab cucuke
arsa ngrurah Medayun
dangu-dangu nulya kaeksi
yen ngater rajaputra
katur mring sang Prabu
Sri Nusirwan sukeng driya
sigra miyos siniweng ing pancaniti
nimbali duta prapta.

8. Manjing kitha gagaman Kohkarib
tunggul abra daludag asinang
Sri Nusirwan tedhak age
methuk ing putranipun
lawan duta kang pra dipati
tedhak sang rajaputra
ing rama wotsantun
kamantya marwata suta
ingarasan kang putra ginanti-ganti
dening ta maksih gesang.
9. Prabu Kohkarib mendhak tur bekti
sakadangnya samya tur pranata
ingacaran mundur age
mring panangkilan rawuh
angandika Prabu Medayin
Umarmadi lungguha
wijoan sireku
panggonane si Kalana
Umarmadi ature anuwun ajrih
lenggah kursi kewala.
10. Nulya agya bujana umijil
pan lumintu saking ing jro pura
asri sangkep lalawuhe
lajeng pra samya minum
agamelan munya angrangin
atandhak laran-laran
sagung para ratu

ambajeng kang tatandhesan
mawurahan gamelan munya ngedhasih
keploke atimbangan.

11. Duk ping lima mubenge kang larik
pan kawuron Prabu Umarmadya
abang ngatirah netrane
anambut gadanipun
unclang gada tininggil-tinggil
karinget kadya siram
andik tingalipun
mangkorog kang samya lenggah
angandika sira Prabu Nyakrawati
heh Bapa kaya ngapa.
12. Dening solahé sang Umarmadi
Betaljemur alon aturira
inggih sampun salamine
yèn kasayehan minum
pan makaten wateke ugi
mesem sri naranata
angandika arum
baya yèn kaya mangkana
Umarmadi nuli sun tundhunge mulih
sang nata mundhut kuda.
13. Kawandasa pasang sampun prapti
lan makuthanira kawandasa
pan sampun ginanjarake
utusan para ratu
sasanake Nateng Kohkarib
lan sabusananira
sawusnya wofsanun
Umarmadi aturira
pan kawula inggih ta anuwun idin
pologan surat tuwan.
14. Undhang-undhang sauruting margi
tiyang dhusun sami anyegaha

ing lampah kawula mangke
Sri Nusirwan amuwus
anuruti mring Umarmadi
karya pologan surat.
kابهه urut dhusun
padha kinen asegha
iya maring lakune Prabu Marmadi
denpadha rumeksaa.

15. Amit nembah Prabu Umarmadi
sakadange budhal saking ngarsa
gumuruh wadyabalane
prapta jawi kitha wus
wong padesan kang urut margi
sami ngrukti sugata
saking undhanganipun
sami kinen asegha
mring sang nata Medayin mila anggili
jodhang tanpa wilangan.
16. Nulya rereh makuwon Marmadi
lampahira ing kalih onjotan
amakuwon sabalane
kurang denira minum
abujana samargi-margi
dadya wus tigang dina
lampahireng ngenu
ing barisane wong Menak
mung sadina linampahan tigang wengi
prandene dereng prapta.
17. Pijer nayub ing samargi-margi
Ratu Jongmirah Raja Durdanam
manembah alon ature
ing paduka pukulun
langkung rembem lampah puniki
dening kang pangandika
Menak Jayengpupuh
namung sawengi sadina

Umarmadi ngandikanipun aris
marang ing arinira.

18. Kapriye ta yen tinggalen iki
sasat nampik mring sine bathara
dening wong ing desa kabeh
mulane asusuguh
timbangane sri narapati
kendel kang rayi samya
sinareng arengu
kocapa Ki Patih Bestak
lan Kistaham agunem kalane wengi
lan sagung para nata.

19. Mahraja Krasbinatur Sri Basit
Tamtamkuwari lan Raja Kuparman
samekta lan gagamane
rembug sami tinukup
ing lampihe Nateng Kohkarib
budhal Ki Patih Bestak
lampahira dalu
lan para ratu sakawan
kanem sira Kistaham lan pradipati
ing marga tan winarna.

20. Prapteng lingsir dalu wus kaeksi
wonten pakuwon mencil kapisah
Jasmakarma lan malihe
Kustur lan Malikustur
Ardas Mardas Raja Kilkani
Baritma Maliritma
dyan nulya kinepung
Raja Kohkarib Marmadya
sakadange sayah minum samya guling
tanana sinantaha.

21. Nenggih pakuwon ingkang kapencil
ratu patang rakit wus kinepang
ginutuk api pondhoke

binarenging prang pupuh
ambedhili wadya Medayin
anduduk anyenjata
amedhang ambusur
kagyat sang Raja Jasmara
Raja Karma balane kathah ngemasi
kuwur tanpa rereyan.

22. Kang prajurit satriya bupati
datan kongsi angagem gagaman
tan kongsi ngrasuk parise
kaselak mungsuh nempuh
dadya ratu pipitu kanin
pamondhokane wuntat
miarsa gumuruh
lan wonten atur uninga
wong kang ngarep kathah wadya kang ndatengi
kondur barise rowang.

LIV. WADYABALA MEDAYIN NEMPUH WADYA MEKAH

DURMA.

1. Kapiarsa gumuruh umung wurahan
ambrok pating jalerit
katur mring narendra
Kohkarib langkung duka
miwah sagunge narpati
kang mondhok tengah
samyakageting jurit.
2. Ting bakakrak ting baleber tingkahira
para nata dipati
manempuhing yuda
ngawur pangamukira
kang ngagem pedhang ngembali
kathah kang pejah
prajurite Medayin.
3. Wong Medayin prawira tuwas anggagap
Wong Kohkarib prang lali
samyak leng-ulengan
lir gabah ingenteran
sakadange Umarmadi
ngamuk manengah
kabeh ngawaki jurit.
4. Kang kaprang punggawa Medayin pejah
lan nggoning gutuk api
kang peteng umangsah
kang tadhah ingamukan
wuri sang raja gung prapti

wadya Sriwulan
Jongmirah lan Kusani.

5. Ting kalepruk tempuhe pedhang ing sirah
bubar katiban bindi
sambate kabranan
anglir prahareng ngarga
sira Prabu Umarmadi
wising ujana
sanjata sami kari.
6. Kang anitih dipangga mundhut dipangga
ingkang nitih turanggi
senuk lan kagendra
memreng kalawan unta
angrema batheng karendhi
wus tinitihan
rikat kaprabon jurit.
7. Saha mantri punggawa saha prawira
Wong cilik kinen tebih
kang anengen samya
ratu kembar nem pasang
sapasang kang aneng kering
akarya gelar
titindhah Umarmadi.
8. Lawan ratu limang rakit kang mangayap
sareng tempuhing jurit
kadya saradula
susumbar Umarmadya
endi andele kang becik
dening kuthila
tingkah mangkene iki.
9. Para ratu apa satriya punggawa
aywana nguciwani
ing kene payo prang
padha agenti gada

Ki Patih Bestak miarsa
lawan Kistaham
lumayu sipat kuping.

10. Pan binujung tinut sapan-parannya
margane dencegati
mawur asarsaran
binutuhaken ngarsa
binabujung denamuki
kathah kacandhak
prajurit ing Medayin.
11. Gundam-gundam palayune sang Kistaham
datan anolih wuri
Bestak yun kacandhak
lumayu nunjang-nunjang
andhelik awor pakathik
kuneng kocapa
sang Prabu Nyakrawati.
12. Enjing miyos aningali kang sewaka
Ki Patih Bestak sepi
sang nata atanya
mring mantri kang atengga
panangkilan matur aris
kya patih kesah
nedya nungkul Marmadi.
13. Rencangipun Kistaham kalih Kugarman
Krisbinandur Dribasit
sang nata bramantya
dening kaliwat ala
anglepeti wak mami
mundhut dipangga
budhal sri narapati.
14. Saha wadya prapta sawawining kitha
kapethuk kang wadyalit
kang samya lumajar

wau ki patih lawan
sakawan para narpati
mulat sang nata
samy nyalimpet margi.

15. Duk katingal pambujunge Umarmadya
ing Prabu Nyakrawati
alon angandika
mring Betaljemur Arya
maringa ing Umarmadi
aprasaduwa
iya panggawe iki.
16. Lamun du'du panggawe saking manira
mila memba sang aji
kuwatir mring sira
Kya Betaljemur sigra
amethukaken Marmadi
sampun kapanggya
andhawuhaken aglis.
17. Satimbalanira Bathara Nusirwan
nuwun Prabu Marmadi
inggih ta Ki Arya
Sri Bathara Nusirwan
mangsa makatena ugi
mring awakingwang
tindak culika baring.
18. Liwat dening agawe kaget manira
agawe runtik mami
wicara tadhaha
karya rusuh ing tekad
anglingsemi ing narpati
inggih aturna
sembah tawaleng aji.
19. Inggih dhateng maharaja sang Ngarab
lan ta malih kiyai
manira anedha

kukudhung pakenira
woptena surat sasuwir
kang kaatura
ing gusti Jayengmurti.

20. Ungelena makaten purwa punika
pun Prabu Umarmadi
nggennya neng nagara
nedya sipeng sadina
ingandheg marang sang aji
asukan-sukan
amangan nginum sami.
21. Betaljemur alon mesem sarwi ngucap
lah iya ywa kuwatir
manira kirima
layang mring Anak Ambyah
prakara kang dadya jurit
pan dudu sira
ingkang agawe wiwit.
22. Dyan nunurat sakedhap netra wus dadya
sinungaken Marmadi
nulya tatabeyan
budhal unkur-ungkuran
miwah Prabu Nyakrawati
sawadyanira
kondur marang nagari.
23. Kawarnaa wong Menak sampun miarsa
yen Prabu Umarmadi
aprang aneng marga
kalong satus balanya
kadange pipitu kanin
tan dangu prapta
sang Prabu ing Kohkarib.
24. Jayenglaga nuju siniwakeng bala
praptane Umarmadi

mandheg aneng marga
mungkur sang Jayenglaga
dangu ingawe sang yogi
sampun angrasa
ing dadudonireki.

25. Umarmadi gepah angaturken surat
nulya tinampan aglis
surat mring wong Menak
binuka sinukmeng tyas
kadhadha kang punang tulis
mesem ngandika
ing Arya Guritwesi.
26. Umarmaya padha sira tambanana
kadange Umarmadi
kang anandhang brana
sigra Ki Umarmaya
mijil ing pakuwon neki
Prabu Marmadya
para ratu kang kanin.
27. Tinambanan tatunya samya winaras
cinucup rah dres mijil
nulya ingusadan
sabala wus waluya
dyan kasukan Jayengmurti
kalangkung suka
lan sagunge narpati.
28. Baris ajeg lan sagunge para nata
Rahaden Jayengmurti
tan arsa mantuka
marang nagari Mekah
wangsul ing Medayin isin
yen tan ngandikan
marma sanget prihatin.
29. Anglilipur brangtanira mring sang retna

ngerakat ulam kali
bebethek ing wana
nanging tan kasaputan
sangsaya imbuh kang galih
wiyadi Ambyah
wimbuh tyasnya lumindhih.

30. Dadya najin dhahar tan antuk anendra
angga sawangwrat sari
saking brangtanira
lir dhandhang awuyungan
wuyung puyeng poyang-paying
sawadyanira
awlas mulat ing gusti.

31. Akasukan kinarya panglipur brangta
ki pothet Guritwesi
saben ari seba
akarya gugujengan
amrih lipur tyas siraMir
tan keguh ing tyas
maksih lengleng gung brangti.

IV. LAIRIPUN RADEN LAMDAUR

ASMARADANA.

1. Kuneng ingkang ageng kingkin
wonten gempalan carita
sayekti sareng lakune
nanging ta genti kocapa
wonten ratu prakosa
ing Selan nagarinipun
amisesa Tanah Ngajam.
2. Kang kocap ing Bawah Angin
iya kalawan ing Ngarab
yeku Tanah Ngajam kabeh
tanana sasamanira
jenenge Nateng Selan
wolung leksa pitung ewu
pra manca nagri kang seba.
3. Iya Selan ya Serandil
Selan iku kutha Ngajam
Serandil iku gununge
kathah ratu kawisesa
atur upetinira
jajahan ingkang anungkul
kalih leksa pitung nambang.
4. Bisikanira sang aji
Sri Mahaprabu Sadalsah
kakalih sanak sang katong
kang rayi Raden Sahalsah
jemeneng sinatriya
langkung wibawa anulus
karaton nagari Selan.

5. Nagara kang kanan keru
lalayaran tigang candra
mring Selan bulupetine
miwah jajahane dharat
lalakon pitung wulan
limang wulan samya nungkul
bulupeti marang Selan.
6. Nenggih nagari Serandil
basane Arab mring Selan
basane Jawa mring selong
dene tepungane tanah
nenggih kang kapangetan
Melaka Sulebar Lampung
Landhak Siyak Sokadana.
7. Siyem Gedhah Johor Tambi
lawan Petani ing Banjar
Solok miwah Minangkabo
sanadyan tanah Palembang
Banjar atepung tanah
miwah Bawangtulan tepung
utawi ing tanah Jawa.
8. Pan dhingin tepunge bumi
kalawan tanah ing Selan
dene purwanipun pedhot
kalawan ing tanah Jawa
duk kalanira kajya
wong Jawa umadeg ratu
pegat piniyak samodra.
9. Ing benjang atepung malih
Tanah Jawa lan Mekasar
Palembang Solok Seladhong
Johor Tambi Sokadana
Patane Banjar Bandhan
yen jangkep saptatus taun
petange sangkala Jawa.

10. Mengkono ingkang winarni
Mahraja Prabu Sadlasah
rikalanira sang katong
ambuburu maring wana
pisah lan balanira
kadya panguncang Hyang Agung.
lumiyating panggah seta.
11. Kadya seta kumiladi
kadya singat binacingah
pandulunira sang katong
tinut ing saparanira
dadya kalunta-lunta
marma pisah lan wadya gung
tigang latri tigang siyang.
12. Tan anginum tan abukti
langkung denya asrahatan
Prabu Sadalsah nglentere
tanbuh-tanbuh solahira
kuneng ganti kocapa
trah Nabi Idris winuwus
dhudhukuh tengahing wana.
13. Pakaryane angon sapi
kang kinarya kasutapan
adarbe atmaja wadon
Retna Basirin kang nama
wayah rumaja retina
tedhake nabi satuha
warnane kalangkung endah.
14. Mangkono wadon Basirin
ngindhrit buyung saking sendhang
ing wanci baskara miyos
kapethuk Prabu Sadalsah
kagyat nata tumingal
ana kenya ngindhrit buyung
nulya wau pinaranan.

15. Sang nata asru denyangling
Nini ingsun njaluk toya
abanget kasatan ingong
apan uwis telung dina
ingsun tan nginum toya
Retna Basirin angrungu
ing sabda Prabu Sadalsah.
16. Toya winutahken aglis
nulya wangsul marang sendhang
ingisen malih buyunge
sang nata ngungun tumingal
anyipta manah duka
tan anyana lamun wangsul
sarwi ngucap asung toya.
17. Wadon Basirin tanyaris
nedha Ki Bayi nginuma
Prabu Sadalsah nulyage
marepeki nginum toya
pan lagya sacegokan
Dewi Basirin amuwus
Ki Bayi wong pundi rika.
18. Kendel nggennya nginum warih
Raja Sadalsah angucap
heh Rara aywa tatakona
ingsun pan lagi kasatan
mengko atatakona
sun tutugne nggonku nginum
nulya malih nginum toya
nulya malih nginum toya.
19. Lagi angokop sathithik
jinawil pinitakonan
yata kendel panginume
Sadalsah amenggah-menggah
mancereng ngucap sugal
ingsun ngombe dimen tuwuk
lah ta mengko tatakona.

20. Ping tiga kendelireki
nuli datan tinakonon
wus tutug denira ngombe
sinelehken buyungira
sigra anarik pedhang
Retna Besirin amuwus
heh babo arsa punapa.
21. Raja Sadalsah nauri
sira kang arsa sun pedhang
dosamu agawe jengkel
karya runtike tyas ingwang
liwat pegeling manah
ingsun dulu mring sireku
duk kawit sun jaluk toya.
22. Sira wutahken tumuli
manira wus nyipta duka
nulya malih sun angombe
lagya antuk sacegokan
sira nuli tatanya
nira kober nginum banyu
pijer nauri mring sira.
23. Lagi necep sira jawil
astaningsun dera candhak
lah kober apar:e ngombe
mengko sira rasakena
pegele atiningwang
sun tugel mengko gulumu
Dewi Basirin angucap.
24. Sira iki wong ing ngendi
nauri Raja Sadalsah
iya ingsun iki katong
ing Serandil nagriningwang
aran Raja Sadalsah
Retna Basirin amuwus
kalingane sira nata.

25. Dene sira cekak budi
mundur kaya wong urakan

sempug-sempeg graitane
kurang pasanging weweka
lah iya ratu apa
basa ingkang aran ratu
wekas-wekase wicara

26. Luhur-luhurane budi
amengku sakehe bala
ruwet padhang peteng kabeh
mengku adil palamarta
ngandhut catur pariksa
ora sih wadyanipun
nora sengit marang bala.

27. Mung adil kang denasihi
lah iku ingaran nata
jumenenga ing karaton
sira iku ratu apa
teka kurang pariksa
apa ratune papikul
dudu ratune nagara.

28. Anjetung tan kena angling
Sri Mahaprabu Sadalsah
sinarungakenpedhange
Retna Basirin lingira
duk sira jaluk toya
sabab kasatan kalangkung
telung bengi telung dina.

29. Sira nora nginum warih
milane toya sun buwang
yen sira banjur angombe
tinutugan karsanira
plembung angenin sira
temah mati dening banyu
duk ngombe karine ika.

30. Lagi necep sun takoni
aja kalekiken sira
lulunyunen gugurunge
aywa karundhiyen sira
mbok kapilenggong sira
ya mengkono pamrih ingsun
nedya ngeman wong kasatan.
31. Salagi sira tingali
lagine anjaluk toya
sun guwang toyane kabeh
apa ta sira pikira
sun balik aweh toya
kangelan ingsun pelaur
wekasan sira tan nduga.
32. Mengko sira yun mateni
lah mara sakarsanira
pira budine wong Wadon
Raja Sadalsah mangrepa
sira darbe wong tuwa
payo aterena ingsun
dahat utang kabecikan.
33. Nuli lumampah wong kalih
tan adangu nulya prapta
mring wismane rare wadon
kapanggih wong tuwanira
Seh Bakar Abunissyan
adoh denira amuwus
lah sang nata pinaraka.
34. Datan samar ing dumadi
Ki Seh Bakar Abunissyan
sang nata Sadalsah kaget
osike manah mangkana
pandhita kinawasa
dene wruh yen ingsun ratu
pan ingsun durung wawarta.

35. Ngandika Nateng Serandil
Ki Seh manira nenedha
dipun tulus apurane
inggih putra jengandika
kenginga dados semah
Bakar Abunissyan muwus
lah iya sakarsanira.
36. Pinanggihaken tumuli
wus pinarnah dalunira
kang rama mring wana age
angon sapi karyanira
kang kantunpulang raras
langkung sih nggennya mor lulut
wauta kang kawarnaa.
37. Kawula bala Serandil
satriya para dipatya
tuwin para mantri katong
wau kang samya kapisah
kalawan ratunira
ana mantri kang kapanggih
lan Seh Bakar Abunissyan.
38. Apan sampun denjarwani
yen ratune aneng dhekah
lumirig kang bala kabeh
prapteng dhekah awurahan
panggih lan gustinira
samya sukane kalangkung
gusti kalawan kawula.
39. Samana datan kawarni
sang nata kondur mring kutha
lan sawadyabala kabeh
samarga among asmara
kalawan ingkang garwa
ing marga datan winuwus
prapta kadhaton ing Selan.

40. Sangsaya alami-lami
Retna Basirin awawrat
dupi tekeng semayane
Raja Sadalsah sumelah
puputing jenengira
nora atitilar sunu
dene kang umadeg nata.
41. Kang rayi gumantya aji
kang nama Raden Sahalsah
suyud wadya Selan kabeh
marang sang Prabu Sahalsah
mangkana kang winarna
prameswarinira prabu
Sadalsah tinilar wawrat.
42. Mangkya lair jabang bayi
panjangipun tigang asta
seda konduran ibune
saking genge punang jabang
dadya pejah konduran
tigang kilan longkangipun
ing bau kalawan asta.
43. Anulya kang jabang bayi
pinundhut marang kang paman
sinung dhukuh lan pamomong
raden nulya sinung aran
marang wau kang paman
winastan Raden Lamdaur
dalundung kalis ing lara.
44. Nulya garwane pribadi
Raja Sahalsah ambabar
catur dasa dina lete
inggih ajalu kalihnya
lawan putrane raka
ingaranan Raden Jibul
apanta kinembar-kembar.

45. Sinungan pamomong sami
raden pitungdasa sowang
kalawun-lawun agenge
nenggih gancange carita
wus umur limang warsa
Dyan Jibul wus bisa mlayu
marang emban tinut wuntat.

**LVI. LAMDAUR JUMENENG NATA, LAJENG DIPUN PAEKA
PANGKUR.**

1. Raden Lamdaur punika
maksih lempur durung bisa lumaris
embane kaku tyasipun
anulya cinethotan
pan karasa Lamdaur males anjagur
emban mati kapisanan
kang kari lumayu ajrih.
2. Matur sang Prabu Sahalsah
langkung hebat dene maksih babayi
ambithi wong kongsi lampus
mendah yen wis atuwa
maksih rare mangkono prakosanipun
baya besuk yen diwasa
nagara ing Selan iki.
3. Wus aneng selaning tangan
nora wegah ningali ing sasami
pan mangkana ciptanipun
sira mraja Sahalsah
ingkang putra pupulunan pinrih lampus
pinurugaken wantilan
mangkana dipangga hesthi.
4. Kang dipangga inginuman
winawuru ing kenit arak api
sinandhingaken Lamdaur
meta dipangga nyandhak
tinalale wangkingan sigra jinunjung

ingangkat-angkat tan obah
pineksa-peksa tan osik.

5. Lamdaur sigra anyandhak
kang telale sigra binethot aglis
kumbane liman tinapuk
maledug nuli pejah
nulya bisa umadeg Raden Lamdaur
ambedhol sela wantilan
amarani nggone hesthi.
6. Kandhang liman pirang-pirang
ginitikan ndas liman ting gulinting
ingkang jinejak maledug
uteknya sumamburat
anggelasah wangke dipangga kang lampus
sarupane kandhang liman
tanana kari sawiji.
7. Sayah Dyan Lamdaur lenggah
pupukule wantilan denlinggihi
kang parek tinolih mawur
samyamatur sang nata
lamun nora matih gajahe kang lebur
tan wonten kari satunggal
kewran pyuh tyase sang aji.
8. Angungun kewedan ing tyas
kaya paran patine rare iki
sapa kang bisa amikut
wonten mantri panuwa
ingkang raka Raja Sadalsah karuhun
ingkang darbe juru masak
ingkang sagah angapusi.
9. Mantri panuwa lumampah
sarwi mbekta kaluwa sakuwali
duk prapta nggone Lamdaur
teka sumandhing lenggah

asungkluwa pinangan dera Lamdaur
sakuwali sampun telas
mantri panuwa lingnyaris.

10. Sarwi nganthi astanira
lah suwawi angger mring pancaniti
Lamdaur teka anurut
wus prapta panangkitan
ing kang paman lagya siniweng wadya gung
munggeng patarana emas
Lamdaur gawok sarya ngling.

11. Eh ika sapa kang lenggah
neng dhadhampar nggone luhur pribadi
mantri panuwa turipun
punika sri narendra
tanya malih dhingin sapa madeg ratu
inggih ramanira kuna
kang mengku nagari mriki.

12. Sasedane ramanira
inggih paman andika kang nggenteni
Lamdaur asru amuwus
di paman konen lunga
aja linggih ing wijoan palowanu
mengko ingsun kang njabela
kratone wong tuwa mami.

13. Yogya sun jumeneng nata
dene dhingin bapa ji kang ndarbeni
Raja Sahalsah angrungu
ajrih anulya kesah
Dyan Lamdaur wau anggenteni lungguh
munggeng ing palangkan retna
kang paman lenggah neng kursi.

14. Amundhut ing kang dhaharan
ing kang paman Sahalsah anyaosi
minuman pinatik sampun

kinen angurabana
arubesi saksana pundhutan metu
lumintu saking jro pura
lelemekan sarwa sari.

15. Ingkang paman ingaturan
nunggil ambeg kalayan ingkang rayi
Dyan Jibul nunggil akembul
saksama sareng nadhah
wong titiga dhaharan sami anginum
Darubesi wus angrebda
Dyan Jibul niba ndhingini.
16. Nulya sang Prabu Sahalsah
anibani marang putranireki
Lamdaur sareng andulu
sigra anyandhak pedhang
dupi ngadeg Lamdaur kaselak rubuh
samyak kalenger katiga
munggeng siti ting gulinting.
17. Sahalsah lawan sang putra
Raden Jibul sampun den panawani
lenga wijen lawan jeruk
pecel wungu kalihnya
amung kari Lamdaur maksih galugur
tanana kang nambanana
Prabu Sahalsah sru angling.
18. Eh sagung kang pra punggawa
si Lamdaur age rantenen wesi
godhinen awake cukup
sigra samya tumandang
Dyan Lamdaur tansah wau winayungyun
sinrahken Prabu Malaka
kembar puniku narpati.
19. Raja orang lan Kaorang
Dyan Lamdaur kinen merongka aglis

dinunjara jroning sumur
sigra wau kabekta
mring Malaka mung layaran tigang dalu
duk prapteng Pulo Malaka
dineleh sumur gumuling.

20. Sinungan sekul sapisan
sadinane manawa lami-lami
rante wesi ninja sampun
gancange kang carita
neng kunjara lamine salawe taun
mopol kulit dagingira
anangis siyang lan latri.
21. Sasambat kinendhonana
nanging datan wonten purun ngendhoni
langkung denya kawlas ayun
sasambat ibu rama
pan Lamdaur ibu rama sampun lampus
mung paman umadeg nata
kang amrih aywana nganthi.

Lajeng nyandhak ”Menak Serandhil.”



bp PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA



Perpust
Jender